**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**ТӘБИЯТТАНЫЎ ФАКУЛЬТЕТИ**

**ГЕОГРАФИЯ КАФЕДРАСЫ**

**«География (улыўма география)» қәнийгелигиниң магистранты**
**Каримбаев Қойлыбайдың**

# МАГИСТРЛЫҚ ДИССЕРТАЦИЯСЫ

## ТЕМА: ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ СОЦИАЛ-ЭКОНОМИКАЛЫҚ РАЎАЖЛАНЫЎЫНДАҒЫ АЙРЫМ МӘСЕЛЕЛЕР

Жақлаўға жиберилди
________________________
«____» _____________2017 ж.

Илимий басшы:
_________ доц. Н.Ж.Ембергенов

Кафедра баслығы: ___________________ доц. Н.Ж.Ембергенов

**НӨКИС – 2017**

# МАЗМУНЫ

**КИРИСИЎ**

**I-БАП ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ ТӘБИЙИЙ ШАРАЯТЫ, ТӘБИЙИЙ РЕСУРСЛАРЫ, ХАЛҚЫ ҲӘМ МИЙНЕТ РЕСУРСЛАРЫ**

1.1. Тәбийий шәраяты
1.2. Тәбийий ресурслары
1.3. Халқы ҳәм мийнет ресурслары

**II-БАП ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНДА ХАЛЫҚ ХОЖАЛЫҚ ТАРАЎЛАРЫНЫҢ ҚӘЛИПЛЕСИЎИ, РАЎАЖЛАНЫЎЫ ҲӘМ ҲӘЗИРГИ ЖАҒДАЙЫ**

2.1. Санааты
2.2. Аўыл-хожалығы
2.3. Халыққа хызмет көрсетиў тараўлары
2.4. Транспорты

**III-БАП ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ СОЦИАЛ-ЭКОНОМИКАЛЫҚ РАЎАЖЛАНЫЎ ПЕРСПЕКТИВАЛАРЫ**

3.1. Арал экологиялық машқаласы ҳәм оның социал-экономикалық ақыбетлери
3.2. Қарақалпақстанның социал-экономикалық раўажланыў бағдарлары

**ЖУЎМАҚЛАЎ**

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР**

# КИРИСИЎ

**Теманың актуаллығы.** Ҳәзирги күнде дүньяда тәбият-жәмийет-өндирис қатнасықларының нәтийжесинде глобаль социал-экономикалық, экологиялық ҳәм демографиялық машқалалар жүзеге келмекте. Бул жүзеге келген машқалаларды шешиў жолларын табыў ҳәзирги күн илиминен үлкен жуўапкершиликти талап етеди хәм бундай машқалалардың пайда болыўының алдын алыў мақсетинде локал ҳәм регионал масштабтағы машқалаларды шешиў үлкен әҳмийетке ийе болып табылады. Бул көз-қарастан алып қаралғанда Арал теңизи суўының қурыўы менен байланыслы жүзеге келген экологиялық машқаланың региондағы социал-экономикалық ҳәм демографиялық ақыбетлериниң алдын алыў ҳәм шешиў ҳәзирги күнниң актуал мәселелеринен бири есапланады.

Бундай машқалалар бойынша Өзбекстан Республикасы биринши Президенти И.А.Каримов ҳәзирги күнде әмелге асырылыўы зәрүр болған ең әҳмийетли ўазыйпа бул – “мәмлекетимизди модернизация етиў, халық ҳәм оның мийнет пенен бәнтлик дәрежесин асырыўдың әҳмийетли факторы болып өндирис ҳәм социаллық инфраструктураны жәнеде раўажлантырыўдан ибарат”, деп атап өткен еди.[1] Солай етип, өндирис тараўларының раўажланыўы елимиздиң экономикалық тараўларының раўажланыўына, жалпы ишки өним көлеминиң өсиўине алып келсе, ол өз гезегинде халықтың бәнтлик мәселеси ҳәм социаллық турмыс шараятының асыўына алып келиўи сөзсиз.

**Теманың үйренилгенлик дәрежеси.** Социал-экономикалық инфраструктура тараўларын шөлкемлестириў, жайластырыў ҳәм раўажландырыў мәселелери социал-экономикалық географияның изертлеў объектлериниң бири болып есапланады. Теориялық жақтан Өзбекстанда бул мәселелер менен бир қатар илимпазлар: Рафиков А.А., Солиев А., Акрамов З.М., Ота-Мирзаев О.В., Каюмов А.А., Азимов Ш.А., Асанов Г.А., Умаров Е.У. ҳ.т. басқа да илимпазлар шуғылланған ҳәм бир қатар илимий жақтан

---

[1] Каримов И.А. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. – Т.: Ўзбекистон, 2009, - 48 б.

тийкарланған метод ҳәм усынысларын ислеп шыққан. Бул бағдарда бурынғы Аўқам еллеринде Абрамов М.А., Колосовский Н.Н., Рутгайзер В.Ш., Саушкин Ю.Г.лердиң мийнетлери айрықша әҳмийетке ийе.

Диссертацияның **объекти** Қарақалпақстан Республикасының социал-экономикалық тараўлары болса, оның **предмети** республика социал-экономикалық тараўларының раўажланыў өзгешеликлери ҳәм бул өзгешеликлерди жүзеге келтириўши факторларды анализ етиўден ибарат.

Диссертацияның **мақсети** Қарақалпақстан Республикасының социал-экономикалық жақтан раўажланыўында өндирис тараўларының қәлиплесиўи, жайласыў ҳәм раўажланыўындағы географиялық факторларды анализ етиў арқалы регионды социал-экономикалық жақтан раўажландырыўдың илимий тийкарланған усынысларын ислеп шығыўдан ибарат.

Бул мақсеттен келип шығып диссертация жумысына төмендеги **ўазыйпалар** қойылды:

- изертленип атырған объекттиң тәбийий шараяты, тәбийий ресурслары ҳәм мийнет ресурсларын анализ етиў. Себеби бул факторлар республика өндирис тараўларының қәлиплесиўи, жайласыў ҳәм раўажланыўына тәсир етеди;
- тәбийий шараят ҳәм ресурс имканиятларынан келип шығып, республиканы өндирис ҳәм аўыл-хожалығы тараўларының анализ етиў ҳәм баҳалаў;
- регионда суў ресурсларының кем екенлигин есапқа алып аўыл-хожалығы қурамын қайта көрип шығыў, суўды кем талап ететуғын егин түрлерине қәнигелестириў бойынша илимий тийкарланған усыныслар ислеп шығыўдан ибарат.

**Изертлеў методлары.** Изертлеўлер процессинде географиялық салыстырыў, тарийхый, системалы анализ, статистикалық-математикалық ҳәм картографиялық усыллардан кең пайдаланылды.

Диссертацияның методологиялық тийкарлары ғәрезсизлик жыллары дәўиринде республикада жүз берип атырған социал-экономикалық

тараўлардағы өзгерислерге қаратылған Өзбекстан Республикасы Ҳүкимети тәрепинен алға қойылып атырған мәселелер ҳәм бул мәселелерге тийисли қабыл етилип атырған нызам ҳәм көрсетпелер менен белгиленеди. Сондай-ақ, социал-экономикалық география ҳәм оған тутас пәнлерде жаратылған илимий нызамлық ҳәм концепциялар да бул диссертацияның теориялық тийкарынан орын алған.

**Жумыстың структурасы.** Диссертация жумысы кирисиў, үш бап, жуўмақлаў ҳәм пайдаланылған әдебиятлар дизиминен ибарат болып, __ кесте, __ диаграмма ҳәм графиклерден ибарат болып, улыўма көлеми __ бет.

# I-БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ТӘБИЙИЙ ШӘРАЯТЫ ҲӘМ РЕСУРСЛАРЫНЫҢ СОЦИАЛ-ЭКОНОМИКАЛЫҚ ТАРАЎЛАР РАЎАЖЛАНЫЎЫНА ТӘСИРИ

## 1.1.Қарақалпақстанның географиялық жайласқан орны, тәбийий шәраяты ҳәм ресурслары

***Географиялық жайласқан орны.*** Қарақалпақстан Республикасы Өзбекстанның арқа-батыс бөлиминде, Әмиўдәрья дельтасында жайласқан. Республиканың арқасында Арал теңизи, қубла-шығысында Қызылқум шөли, батысында болса Үстирт тегислиги жайласқан болып, тәбийий географиялық жақтан Туран ойпатында жайласқан. Қарақалпақстан шегарасының улыўма узынлығы 2265 км ге тең. Республика арқа, арқа-батыс тәрепинде Қазақстан, ал қубла, қубла-батыс тәрепинде болса Туркменстан Республикалары менен шегаралсса, шығыс ҳәм қубла-шығыс тәрепинде Өзбекстанның Бухара, Наўайы ҳәм Хорезм ўалаятлары менен шегараласады. Қарақалпақстанның географиялық жайласқан координаталары $40^{0}55^{1}$ ҳәм $45^{0}35^{1}$ арқа кеңликлериниң ҳәм $56^{0}00^{1}$ ҳәм $62^{0}24^{1}$ шығыс бойлықлар арасында жайласқан.

Географиялық жайласқан орны бойынша Республиканың арқа бөлими арқа Кавказдың дала зонасы менен, қубла бөлеги болса Кавказарты еллериниң мәңги жасыл тоғайлар өсетуғын ығаллы субтропикалық зонасы менен бир географиялық кеңликте жайласқан. Бирақ республика дүнья океанларынан бир неше мың км алыслықта жайласқан ҳәм Орайлық Азияның аймағында, арид зонада болғанлықтан шөл зонасы характерли есапланады.

Қарақалпақстан Республикасының жер майданы 166,6 мың кв км болып, бул бойынша республика батыс Европада жайласқан Бельгия майданынан 5 есе, Дания ҳәм Швейцариядан 4 есе, Австрияға қарағанда 2 есе көбирек майданды, ал Өзбекстан жер майданының 37%-ин ийелейди.

Республикамыз халқы 1791,1 мың адам. Оның тығызлығы 1 кв км майданға 10,6 адамды қурайды (01.01.2016 ж.).

Административлик жақтан Қарақалпақстан Республикасы 14 район ҳәм бир қала - пайтахт Нөкис қаласына бөлинеди. Нөкис қаласы Республика пайтахты. ҳәзирги күнде Нөкис қаласы халқы 259,45 мың адам.




1-карта. Қарақалпақстан Республикасының административлик бөлиниў картасы

Өткен әсирдиң басларында Қарақалпақстан аймағында транспорт байланыслары жоқтың қасында еди. Россияның басқа аймақлары менен қатнас Чаржаўға шекем Әмиўдәрья арқалы қайықлар арқалы әмелге асырылған болса, қыс айларында кәрўанлар арқалы байланыс жасаған.

Республиканың транспорт-экономикалық байланысларындағы жаңа басқыш XX әсир орталарынан, яғный 1952-жылдан баслап Чаржаў-Қоңырат темир жолының иске түсиўирилиўи менен байланыслы болды. Буннан кейин республика аймағынан гигант Бухара-Урал, Орта Азия-Орай газопровод линиялары өткерилди. Нәтийжеде ат-арба орнына самолёт ҳәм

автомашиналар, қайық орнына пароходлар менен теплоходлар пайдаланылатуғын болды. Бул Қарақалпақстан социал-экономикалық тараўларының ҳәзирги келбетиниң қәлиплесиўине алып келди. Солай етип, Қарақалпақстан аймағының Қазақстан ҳәм Орта Азия республикалары арасында жайласқанлығы ҳәм республиканың Чаржаў-Қоңырат-Макат-Александров-Гай бағдарындағы темир жол транспорты узели ролин атқарыўы, қоңсылас басқа республикалар менен транспорт-экономикалық байланысларының қәлиплесиўине жол ашты. Бул Республиканың экономикалық-географиялық орны әҳмийетиниң кескин өзгериўине ҳәм мийнеттиң географиялық бөлиниўиндеги орнының жоқарылаўына, регионның социал-экономикалық жақтан раўажланыўына алып келди.

***Жер бетиниң дүзилиси*** хожалық тараўларының, әсиресе аўыл-хожалығы ҳәм транспорт тараўларының раўажланыў ҳәм жайласыўында тәсир етиўши фактор есапланады. Соның ушын да қәлеген бир объектти географиялық жақтан изертлегенде дәслеп жер бетиниң дүзилиси – рельефи үйрениледи. Географиялық жақтан Қарақалпақстан Республикасы Өзбекстанның арқа-батысындағы тегислик бөлиминде жайласқан. Жер бетиниң тегис болыўына қарамастан республика аймағы тәбийий комплексиниң характери бойынша бир-биринен ажыралып турыўшы үш районға бөледи: а) Әмиўдәрья дельтасы; б) Қарақалпақстан Үстирти; в) Қарақалпақстан Қызылқумы.

*а) Әмиўдәрья дельтасы* - Орта Азиядағы ең ири сахралар: Қарақум ҳәм Қызылқум шөллериниң ушласқан жеринде жайласқан. Әмиўдәрья дельтасы Түйемойын қыснағынан басланып, арқаға барған сайын кеңейип, Арал теңизине шекем жетеди. Дельтаның жер бети көлеми ҳәм бәлентлиги жағынан киши қалдық таўлар, үстиртликлер менен алмасады. Буларға мысал ретинде Белтаў, Қусханатаў, Қызыл жар, Қырантаў, Порлытаў, Кетпенши, Геуир қала ҳәм тағы басқада қалдық бәлентликлерди атаўға болады.

Әмиўдәрьяның дельталық бөлиминде самал тәсиринде қәлиплескен рельеф формалары да ушырасады, олардың қатарына Түркмен қырылған ҳәм

Арзымбет қум сыяқлы қумлы массивлерди айтса болады. Дельтада, әсиресе оның арқа бөлиминде суўалмалар ҳәм көллердиң тәсиринде пайда болған рельеф формалары да ушырасады. Буларған Судочье, Қараўымбет, Қаратереӊ ҳәм тағы басқалар мысал бола алады.

*б) Үстирт* - Әмиўдәрья дельтасының батысында жайласқан. Әмиўдәрья дельтасындағы тегисликтен Үстиртке өтетуғын жер тик жарлы формаға ийе болып, оны жергиликли халықлар шың (чинк) деп атайды. Үстирт арқа-шығысында жайласқан Арал теңизи ҳәм қубла тәрепиндеги Сарықамыс көлинен чинк линиясы арқалы ажыралып турады. Үстирттиң Қарақалпақстанға тийисли бөлими 70 мың $км^2$ майданды ийелеп, жер бетиниң дүзилиси бәлентлик ҳәм ойпатлықлар менен характерленеди. Үстиртте көлемли ойпатлықлар - Аспантай, Матай, Сам әтирапындағы аймақлар Ассакеаўдан ҳәм Сарықамыс зоналарында жайласқан. Үстирттиң орайлық бөлиминде 1 мың $км^2$ майданды ийелеп жатқан Барсакелмес шоры, ал қубласында Сарықамыс қазан шуқыры жайласқан. Сарықамыс қазан шуқырының ултаны океан қәддинен 10-13 м төменде жайласқан.

Солай етип, Қарақалпақстан Үстирти жер бетиниң дүзилиси ҳәм топырақ қатламларындағы өзгешеликлери оның өсимлик ҳәм ҳәйўанатлар дүньясының қурамында да өзине тән өзгерислерди пайда етпекте.

*в) Қызылқум сахрасы* Әмиўдәрья дельтасының қубла-шығысында жайласқан, оның арқа-батыс бөлими Қарақалпақстан Республикасы аймағында жайласқан. Қызылқумдағы жайлаўлар 3,3 млн га ны ийелеп, отлақларының жыллық қоры 6-7 млн центнерди қурайды.

Қарақалпақстан Қызылқумы қубла бөлиминиң ярымын Султан-Ўәйис таўы ийелейди. Оның теңиз қәддинен бәлентлиги (Ашшы таў шыңы) 473 метрге тең. Шөлде сур-қоңыр топырақлар кең тарқалған.

TA'BIYIY KARTA




2-карта. Қарақалпақстан Республикасының тәбийий картасы

***Климаты.*** Қарақалпақстан Республикасы жер бетиниң тегис болыўы хәм арктика суўық хаўа массаларының иркинишсиз кирип келиўи регионда климаттың қәлиплесиўиндеги тийкарғы факторлардың бири болып есапланады. Сонлықтан республика климаты кескин континентал болып, жыллық температура әдеўир өзгериўшең болады. Қуяш нурларының хәр км$^2$ жүзеге түсетуғын муғдары 140-145 ккалорияға тең. Қуяштың түсиў мүйеши регионның қубласында 22-июньда 75,2$^0$ қа тең болса, арқа бөлиминде 68$^0$ этирапында болады. Хаўаның бултлы күнлери көбирек декабрь, январь хәм февраль айларына туўра келеди. Республиканы пуўланыў ең жоқары болған аймақлар қатарына киритеди.

Июнь айының ең жоқары температурасы Нөкис, Төрткүл қалаларында +45$^0$+46$^0$ болса, январь айында бул көрсеткиш Нөкисте -27,2$^0$, Төрткүлде -29$^0$, Мойнақта -26,2$^0$. Жыллық хаўа амплитудасы, яғный ең ыссы хәм суўық

болған дәуирлер арасында парық Нөкисте $78^0$, Тақыятаста $79^0$, Төрткүлде $72^0$ қа тең.

Республиканың арқа ҳәм қубласы арасындағы орташа жыллық парық $2^0$ этирапында болады. Республика агроклиматлық ресурсларының қәлиплесиўинде Қызылқум ҳәм Қарақум шөллерининде тәсири күшли есапланады. Қарақум ҳәм Қызылқум тәрептен ыссы ҳаўаның есиўи март айының биринши күнлеринен басланады. Сол дәуирден баслап температура көтериле баслайды. Әсиресе, бул шөллердиң республикамыз климатына тәсири жаз айларында жүдә күшли болады. Апрель айынан баслап регионда ҳаўа температурасы ысып баслайды.

Соңғы жыллары республика климаты бойынша алынған мағлыўматлар төмендеги кестеде көрсетилген.

1-кесте

**Қарақалпақстан Республикасының агроклиматлық ресурслары**

| Метеостанциялар | Ҳаўаның орташа температурасы | | | Жыллық орташа температура | Вегетация дәўириниң узақлығы, күн | Нәтийже-и темпера-тура жыйындысы, $^0C$ | Суўық түсетуғын күнлер | | Жаўын-шашынның орташа жыллық |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Январь | Апрель | Июль | | | | Бәҳәрги ақырғы сәне | Гүзги сәне | |
| Төрткүл | -4,9 | 14,3 | 28,2 | 11,8 | 202 | 2258 | 3,04 | 25,1 | 82 |
| Нөкис | -6,9 | 13,1 | 27,1 | 11,6 | 192 | 2140 | 5,04 | 18,1 | 108 |
| Шымбай | -7,6 | 11,9 | 26,0 | 10,3 | 188 | 1961 | 6,04 | 12,1 | 112 |
| Қоңырат | -7,1 | 11,5 | 28,8 | 10,5 | 186 | 1914 | 8,04 | 12,1 | 109 |
| Мойнақ | -7,4 | 8,3 | 26,3 | 10,6 | 179 | 1037 | 10,03 | 8,1 | 111 |

Дерек:

Республикада ҳаўа температурасы дийханшылық тараўларын раўажландырыўға ҳәм олардың өнимдарлығын асырыўға тәсир етиўши тийкарғы факторлардың бири есапланады.

Өсимликлердиң вегетациялық дәўиринде эффектив температуралар жыйындысы пахта, салы ҳәм басқа да ыссыны жақсы көриўши егинлерди жетистириў ҳәм олардан жоқары өним алыў имканиятларын береди.

Өсимликлердиң вегетациялық дәўири қубла районларда 230 күнди, арқа районларда болса 183 күнди қурайды.

Регионда ҳаўа температурасының жоқарылығы суў жүзелеринде (көл, суў сақлағыш) канал ҳәм коллектор тармақларында пуўланыў муғдарын әдеўир күшейтеди. Республикамыздың арқадан қублаға қарап созылғанлығы термикалық ресурслардан үнемли пайдаланыў имканиятларын жаратады. Пахта, салы, бийдай, мәкке, жүзим, қаўын ҳәм басқа да ыссыны сүйиўши өсимликлерден мол өним алыў имканиятларын жаратады. қубла районларда эффектив температура жыйындысы 2199-2258$^0$ болса, бул көрсеткиш арқада, Мойнақта 2037$^0$ ты қурайды. Демек, Мойнақта да пахташылықты раўажландырыў ушын температура муғдары жетерли екен.

Қыста Арктика суўық ҳаўа массалары ҳәм Сибирь антициклонының тәсиринде, әсиресе, арқа зонада ҳаўа температурасы кескин пәсейип кетеди. Январь айының орташа дәрежеси Мойнақта -7,4$^0$С, Нөкисте -6,9$^0$С қа тең болады. Қыс суўық келген жыллары жердиң үстки бөлеги музланыўы 0,3-0,6 метрге шекем барады. Самалдың орташа тезлиги секундына 8-9 метр, арқа бөлиминде 11-12 метрге жетеди. Бәҳәр айларында суўғарылатуғын аймақларда самал тезлиги 10-15 м/сек болады. Бундай жағдайда жердиң үстки бөлими қурып кетеди ҳәм дийханшылыққа үлкен зыян келтиреди.

Қарақалпақстан аймағы Орайлық Азиядағы eң қурғақ районлардың бири болып есапланады. Жыллық жаўын-шашын муғдары орташа 80-100 мм әтирапында болып, бул көрсеткиш Каракалпакия метеостанциясында 135 мм, Мойнақта 98 мм, Шымбайда 90 мм, Нөкисте 87 мм, Төрткүлде 86 мм ға тең. Жаўын-шашын муғдары айырым жыллары өзгерип те турады. Қар тийкарынан декабрь, январь, февраль айларында жаўады. Қар қапламының қалыңлығы 19 мм. ге шекем барады.

Республикамызда пуўланыў муғдары жаўын-шашын муғдарынан 18-19 есеге көп. Жаўын-шашынның жыл даўамында бөлистирилиўине келсек 40% бәҳәр айларында, 20-25% гүз, 30-35% қыс, 5-10% жаз айларына туўра келеди. Сонлықтан жаўын-шашан муғдары аўыл-хожалығы егинлериниң

өсип раўажланыўына үлкен тәсир көрсетпейди. Оның тийкарғы раўажы суўғарыў жумысларына байланыслы. Ҳаўаның орташа жыллық ығаллығы арқада 63-67%, қублада болса 53-60%-ти қурайды. Ҳаўа температурасының жоқары болыўы, жер асты изей суўларының жақын болыўы, пуўланыўдың оғада күшли болыўы, топырақта дуз муғдарының интенсив топланыўна алып келеди. Бундай жағдай суўғарып егилетуғын майданлардың мелиоратив жағдайын жақсылаў ушын коллектор-дренаж системасын жақсы жолға қойыў ҳәм барларын реконструкция етиўди талап етеди.

## 1.2. Қарақалпақстан Республикасының тәбийий ресурслары

***Жер ресурслары.*** Ҳәр қандай регионның социал-экономикалық жақтан раўажланыўы жер ресурсларынада байланыслы болып, бул көз-қарастан Қарақалпақстан Республикасы жер ресурсларына оғада бай есапланады. Оның улыўма көлеми 16,5 млн га ға тең. Соннан аўыл-хожалығына жарамлы жер фонды жайлаўлар менен қосып есаплағанда 5,3 млн га ны қурайды. Жайлаўлар болса 4,8 млн га.

Қарақалпақстан Республикасы жер фондының көлеми ҳәм қурамы төмендеги кестеде көрсетилген.

2-кесте

**Қарақалпақстанның жер ресурслары (2016 ж., мың га есабында)**

| № | Көрсеткишлер | Қарақалпақстан бойынша барлығы | |
|---|---|---|---|
| | | мың га | % есабында |
| 1 | Аўыл-хожалығына жарамлы жерлер, усыннан: | 5293,7 | 32,8 |
| | Сүрим жерлер | 419,8 | 2,6 |
| | Көп жыллық ағашлар | 8,5 | 0,05 |
| | Боз жерлер | 9,3 | 0,05 |
| | Пишензарлар | 68,7 | 0,42 |
| | Жайлаўлар | 4787,3 | 29,7 |
| 2 | Тоғай хожалығында пайдаланылатуғын жерлер, усыннан: | 501,8 | 3,1 |
| | Терекликлер | 0,9 | 1,2 |
| | Путалықлар | 67,4 | 1,83 |
| 3 | Мелиоративлик қурылыс ҳалындағы жерлер | 27,0 | 0,16 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 4 | Қала, поселкалар, үй қапталы участкалар, жоллар ҳ.т.б. астындағы жерлер | 46,4 | 0,2 |
| 5 | Пайдаланылмайтуғын жерлер | 10,16 | 63,1 |
| | Қарақалпақстан Республикасы бойынша барлығы | 16100,6 | 100% |

Кесте мелиоратив экспедиция хызмети мағлыўматларынан дүзилген

Кесте мағлыўматлары соны көрсетеди, аўыл-хожалығына жарамлы жерлер республика жер фондының 32,5%-ин, ал жайлаўлар 29,7%-ин ийелейди.

Қарақалпақстан Республикасы улыўма жер фондында бағшылық 3,6 мың га, жүзимшилик 420 га ны қурайды. Регионда жаўын-шашын аз болыўына байланыслы аўыл-хожалығы суўғармалы дийқаншылыққа тийкарланған. Суўғармалы жерлердиң улыўма майданы 500 мың га. Соннан егислик майдан 420 мың га ға шамалас. Көп жыллық тереклер 8,5 мың га, боз жерлер 9,3 мың га, пишензарлар 68,7 мың га, жайлаўлар 4787,3 мың га, тамарқа жерлер 34,4 мың га, бағ ҳәм бақша 95 га ал жәми тоғайлар 501,8 га ны қурайды. Бирақ суўдың аз болыўына байланыслы 2002-2004 жыллары 200-250 мың га майданға егин егилген.

Қарақалпақстан аймағының басым көпшилик бөлимин пишензарлар, отлақ ҳәм жайлаўлар ийелейди. Бул шарўашылықтың айырым түрлерин раўажландырыў ушын кең имканиятлар жаратады.

Қызылқумның көпшилик бөлиминде сур-қоңыр топырақлар тарқалған. Суўғарылып егилетуғын аймақларда инсан мийнети искерлиги нәтийжесинде қурамлық жақтан ири өзгерислерге ушыраған мәдений топырақлар кең тарқалған. Бул топырақлар Қарақалпақстанның тийкарғы егислик жер фондын ийелейди. Қарақалпақстан шараятында егислик жер фондынан рационал пайдаланыў күн тәртибиндеги баслы машқалалардан бири есапланады.

***Суў ресурслары.*** Басқа тәбийий ресурслар қатарлы суў ресурслары да регионның социал-экономикалық раўажланыўында үлкен әҳмийетке ийе болады. Бул көз-қарастан Қарақалпақстанның бирден-бир суў дереги -

Әмиўдәрья дәрьясы болып, оның сағасы Памир таўының бәлент қар ҳәм музлары есапланады. Әмиўдәрья регионның бирден-бир дәрьясы болғанлықтан республиканың барлық суў режимине тиккелей тәсир етеди ҳәм барлық халық-хожалық тараўларының раўажланыўы дәрежесин белгилейди. Бул дәрьяның тийкарғы салалары Вахш, Пяндж ҳәм Сурхандәрья дәрьялары есапланып, Вахш ҳәм Пяндж Әмиўдәрья дәрьясы жыллық суў сарпының 80-82%-ин береди. Дәрья қар ҳәм музлықлардан тойынады. Әсиресе Әмиўдәрья суў сарпы өсимлик ҳәм егинлердиң вегетация дәўирине туўра келеди ҳәм олардың суўға болған талабын 5-6 ай даўамында тәмийинлеп турады. Дәрья бир неше мәмлекет аймағынан ағып өтеди ҳәм бул дәрья суўы Орайлық Азия еллери тәрепинен биргеликте пайдаланылады. Әмиўдәрья таў көллериндеги суў қоры 46 км$^3$ ты, ал тегисликтеги көллер суў қоры (Арал теңизиндеги суўды есапқа алмағанда) 70 км$^3$ ты қурайды. Гиссар-Алай таў дизбеги музлық суўлары 88 км$^3$, ал Памир ҳәм Алай дизбегиндеги музлық суўлары 465 км$^3$ ға тең деп баҳаланған.

Әмиўдәрьяның орташа жыллық суў сарпы 78,5 км$^3$ ты қурайды. Бул суўдың 43-52 км$^3$ бөлеги халықаралық келисим бойынша Өзбекстанға тийисли. Арал теңизи бассейнинде топланатуғын суўдың муғдары 117,7 км$^3$ ға тең болып, оның 108,4 км$^3$ муғдары аўыл-хожалығы егинлерин суўғарыўға сарыпланады.

Әмиўдәрья суўының тойыныўы Орайлық Азия еллери бойынша төмендегише бөлистирилген: Тәжикстан аймағынан - 63%, Аўғанстан - 29%, Өзбекстан - 6%, Қырғызстан - 2% ҳәм Туркменстан аймағынан - 00,1% суў дәрьяға келип түседи. 936142666

Атап өтилгениндей, Әмиўдәрья тийкарғы суўды Памир таўлары музлықларынан алады. Бул музлықлар муғдары да жыл сайын кемейип баратырғанлығы илимпазлар тәрепинен изертленген. Буның тийкарғы себеби жер шары орташа климатының жыл сайын жылып баратырғанлығы менен белгиленеди. Буған мысал ретинде 1968-1998 жыллары Памир таў дизбегиндеги Абрамов музлығы өз қалыңлығының 21 м музын (18%)

жоғалтқан. Егер климаттың орташа жыллық температурасының ысыўы сондай даўам етсе, 2020-жылға барып бул музлық және 17%-ке азаяды.

Әмиўдәрьяның ең көп суў сарпы жылдың бәҳәр айларына, анықрағы май айына туўра келеди (5380$м^3$/сек). Бул жағдай дәрьяда суў көп болған жыллары бақланады. Соңғы 20-25 жыл ишинде Әмиўдәрья суўының кескин кемейиўи ақыбетинде суў жетиспеўшилиги машқаласы пайда болды. Арал теңизи бассейниндеги суў ресурсларынан пайдаланыў көрсеткиши жыл сайын асып барды. Әмиўдәрьяның төменги бөлиминде жыллық суў сарпы 69 млрд $м^3$ болып, оның 70%-и аўыл-хожалығында егинлерди суўғарыўда пайдаланылады.

Қарақалпақстанның қубла районларындағы егислик жерлер Пахтаарна, Манғыт-Қыпшақ суўғарыў системалары арқалы тәмийинленеди.

Ҳәзирги күнде тийкарғы суўғарыў тармақларынан пайдаланыў коэффициенти 0,56 дан жоқарыға көтерилмей атыр. Бул көрсеткишти жоқары дәрежеге көтериў ушын бар болған суўғарыў ҳәм ирригация тараўларын реконструкциялаў, салма, канал, жапларды бетонластырыў ҳәм изоляцион материаллар менен қаплаў зәрүр. Бирақ республикада бетонластырылған суўғарыў тармақлары 15%- тен аз.

***Пайдалы қазылма байлықлары.*** Қарақалпақстан Республикасы аймағында жер асты пайдалы қазылма байлықлардың көплеп түрлери ушырасады. Бул республиканың жайласқан аймағының геологиялық дүзилиси, оның раўажланыў тарийхы, айырым геологиялық дәўирлерде жүз берген, тек өзине тән геохимиялық өзгерислер ҳәр түрли қазылма байлықлардың пайда болыўына имкан бериўи менен байланыслы.

Қарақалпақстанның социал-экономикалық жақтан раўажланыўы аймақтағы бар тәбийий ҳәм минерал ресурслар, олардың жайласыўы менен байланыслы болады. Атап өтилгениндей, республика тәбийий ҳәм минерал ресурс қорларының ҳәр қыйлы түрлерине бай болып, перспективада жалпы ишки өним көлеминиң асыў имканиятын жаратады.

Регионда әсиресе нефт-газ ҳәм бир қатар қурылыс материаллары қорлары көп болып, бул табылған минерал ресурс қорларының тийкарғы бөлими Нөкис-Ташкент, Нөкис-Шымбай темир ҳәм автомобил жоллары, сондай-ақ Қоңырат-Бейнеў темир жолы бойында жайласқанлығы экономикалық жақтан бир қатар қолайлықлар жаратады. Олардың районлар бойынша бөлистирилиўинде Қараөзек, Қоңырат, Кегайли, Әмиудәрья, Беруний, Нөкис ҳәм Мойнақ районлары алда турады. Усы көз-қарастан перспективада бул районлардағы қала ҳәм қалашаларда аўыр санаат инфраструктурасын пайда етиў имканиятлары кең болады.

Қарақалпақстан Республикасы аймағында әсиресе газ, темир рудасы, мрамор, минерал тузлар, фосфорит, мергель, гипс, гранит ҳ.т.б. қазылма байлықлар көп.

Жүргизилген геологиялық изертлеўлер нәтийжесинде көплеп пайдалы қазылма кәнле ашылды. Әсиресе Қарақалпақстан Үстүртинде Шақпақты, Аланбек, Қуўаныш, Барсакелмес ҳәм Арал теңизиниң қубла-батыс бөлиминде, қурғақлыққа айланған теңиз ултанынан тәбийий газ кәнлери табылған. Нефть ҳәм газ аралас кәнлер Қарақудық зонасында, батыс Барсакелместе юра ҳәм палеозой жатқызықларынан табылды.

Ҳәзирги күнде республикада ашылған тәбийий газ кәнлеринен Шақпақты газ қоры бойынша орташа кәнлер қатарына киреди. Ол қубла Үстиртте, Қоңырат станциясынан 220 км қашықлықта жайласқан ҳәм Орта Азия - Орай газопровод линиясы менен тутастырылған. Шақпақты кәниниң биринши гезектеги санаатлық қоры 46,5 mlrd.$m^3$ bolip, 1975 jildan baslap bul ka`n paydalaniwg`a berildi. Қуўаныш тәбийий газ кәни Барсакелмес шорының арқа-шығыс бөлиминде жайласып, X.Avezxodjaev, A.Palibekovlardin` mag`liwmatlarina qarag`anda bul ka`n sanaatliq a`xmiyetke iye bolip, оның қоры 8 млрд $м^3$ тан асады ҳәм ол төменги юра жатқызықларында жайласқан. Газ горизонтының қалыңлығы 52 м ден 74 м ге шекем барады.

1982-жылы ашылған Ақшолақ газ кәни Барсакелмес шорының қубла-шығыс бөлиминде жайласқан. Газ жайласқан горизонттың тереңлиги 3100-

3500 м аралығында. 1956-1960 jillarda Qaraqalpaqstannin` Ustirt bo`limine jaqin shegarada «Aqto`be neft`-gaz razvedka» trestinin` skvajinalarinda 270-300m teren`likte paleogon jatqiziqlarinin` ta`biyiy gaz ka`ni ashildi. Gazdin` ortasha sutkaliq debiti 200 000 m $^{3}$ barabar. Tek Bazay-Akkulov zonasinin` ashilg`an gazdin` zapasi 18 mlrd m $^{3}$ quradi. Molkuldin`, Chag`irliq, Kiziljar, Shomisti ha`m t.b. zonalardan ashilg`an ta`biyiyi janiwshi gazdin` zapaslari 48-60 mlrd m$^{3}$ quraydi. Ha`zirgi waqitta Qaraqalpaqstanda neft`tin` de sanaatliq zapasi tabildi. Barsakelmes shorinin` batis bo`liminde sinaw waqtinda sutkaliq debiti 35700 m $^{3}$ gaz benen birge to`mengi yura jatqizig`inan o`nimdarli neft` gorizonti tabildi. Ashilg`an neft` qa`ninde «Andijan neft`» basqarmasinin` mag`liwmati boyinsha neft`tin` salistirmali salmag`i 0,794 barabar. Neft`tin` sostavinda parafin 3,54%, smola 2%, asfol`tenler 0,091%, ku`kirt 0,051% quraydi. Qaraqudiq zonasinan ashilg`an neft`tin` sostavinda metan gazi ko`birek ushiraydi. Qaraqalpaqstannin` Ajibay strukturasinan qazilg`an skvajinalardan sinaw waqtinda gaz ashildi. Kushkair strukturasinda ju`rgizilgen sinawlar na`tiyjesinde 50 000 m$^{3}$ gaz alindi. A.Akramxodjaev, J.Yuldashev (1981) ha`m A.Palibekovlardin` (1983) mag`liwmatlarina qarag`anda Qaraqalpaqstanda neft`, neft`-gaz ka`nlerinin` ko`p ekenligi bayqalip otir. Bul bayliqlardi paydalaniw jaqin jillar ishinde respublikada neft`, gaz-ximiya tarawlarinin` o`sip jetilisiwine jol ashatug`ini so`zsiz.

Мағлыўматларға қарағанда соңғы жыллары республикада нефть, нефть-газ аралас ресурслардың да бар екенлиги болжаў етилген. Бул қазылма байлықларды санаатта пайдаланыў арқалы кейинги жылларда республикада нефть-газ-химия санааты комплексиниң буннан былайда раўажланыўына алып келеди.

2005-жылы сентябрь айында “Ўзбекнефтгаз” миллий холдинг компаниясы менен биргеликте Россияның “Lukoil Overseas”, Малайзияның “Petronas”, Корея Миллий нефть корпорациясы ҳәм Қытайдың CNPC компаниялары Арал теңизиниң қурғақлыққа айланған бөлиминде геологиялық изертлеўлер алып барыўда бирге ислесиў бойынша келисим қабыл етти. Әмелге асырылыўы көзде тутылып атырған бул жойбардың биринши басқышы үш жыл мүддетке белгиленген болып, улыўма бул дәўирде 80 млн АҚШ долларына тең болған геологиялық изертлеў

жумыслары алып барылды, екинши басқышта 200 млн АҚШ доллары муғдарында анықланған кәнлерине бурғылаў үскенелерин орнатылды.

1958-жылы Халқабад зонасында жүргизилген геологиялық изертлеў жумысларының нәтийжесинде 900 м тереңликте тас көмирдиң жуқа қабатларының бар екенлиги анықланды. Буннан басқа тас көмир Султан Ўәйис таўының арқа-батыс етегинде 40-60 м тереңликте бар екенлиги анықланды.

Темир рудасы қорлары Султан Ўәйиис таўының шығыс ҳәм батыс бөлегинде, Хожакөл, Қорғасын қала, Көкше ҳәм Шылпық зоналарында жайласқан. Темир рудасы қатламлары шөгинди таў жыныслары менен байланыслы болып, олардың қалыңлығы 1,5 м ден 10 м ге шекем жетеди.

Qonir temir ka`nleri Sultan Ways tawinan arqa batis bo`leginde jaylasqan. Ol qumli taslarg`a iykemlesken jatqiziqlari ushirap, temirli magnitten turadi.

G.Yu.Al`ferov ha`m tag`i basqalardin` 1954 jilg`i bergen mag`liwmatlarina qarag`anda qon`ir temir jaylasqan gorizonttin` qalin`lig`i 0,2 m artpaydi. Al rudanin` sostavinda metalldin` mu`g`dari 10-80 % tutadi. Tebin bulaq titan magnitli rudasi jaylasqan ka`n palozoy jatqiziqlari menen baylanisli bolip Sultan Ways tawinin` arqa bo`leginde jaylasqan. Tebin bulaq ka`ninin` 1956 jillari izertlewshi A.S.Vin`nevskiy, L.B.Kogay ha`m A.P.Agafonovlar bul ka`nde ruda o`te az dep shamalap, sanaatta paydalaniwdin` perspektivasin bere almag`an edi. Biraq 1971 jili sho`lkemlestirilgen kompleksli geofizikaliq jumislar Tebin bulak ka`ninin` o`te perspektivalari shiyiki zat resursina iye ekenin da`liylledi ha`m jer betinin` 200 metr teren`likke shekem jaylasqan taw jinislarinin` sostavinda 17% temir rudasinin` ushiraytug`inlig`in aniqlag`an.

Тебенбулақ титан магнетитли темир рудасы жайласқан кән палеозой жатқызықлары менен байланыслы болып, Султан Ўәйис таўының арқа бөлиминде жайласқан. Бул жерде темир рудасы жер бетинен 500 м тереңликке шекем жайласқан. Таў жынысының қурамында орташа 17% темир рудасының бар екенлиги анықланған ҳәм бул кән рудасынан Россия менен биргеликте металлургия заводын ашыў бойынша келисим қабыл етилген.

Улыўма Тебенбулақ кәниндеги руданың қоры 1354,4 млн т болып, усыннан $C_2$ категориясындағы қор 327,4 млн т ны, ал болжаў етилген қоры 1,1 млрд т ны қурайды.

Гранит Султан Ўәйис таўындағы Дарўазатаў ҳәм Қырқалысай кәнлеринде жайласқан. Дарўазатаў кәниндеги гранит әсиресе кремнийли сидерит ҳәм кварцли пегматит жатқызықларында ушырасады. Бунда граниттиң салыстырмалы үлеси 10-20%-ти қурайды.

Fosforitler Qaraqalpaqstan territoriyasinda 50 aslam jerlerde ushiraydi. Fosforit Ustirttegi Aqtumsiq, Orta Ustiyurt, Qaplanqir, Qulantaqir, Aral ten`izinin` tu`slik jag`alari, Qizil qum, Sultan Ways, Chuqay tog`ayda x.t.b. ka`nlerde jaylasqan. Geografiyaliq jaylasiwi ha`m izertleniw da`rejesine qaray olar birqansha mayda zonalarg`a bo`linedi. A`miwdar`ya boyindag`i fosforittin` jaylasiwi boyinsha birinshi xabarlar N.P.Barbatde Marni (1874), A.D.Arxangel`sk ha`m B.N.Selixotovlardin` (1913-1915) miynetlerinde ushiraydi. Bunnan basqa fosforit tuwrali xabar M.Dorfman, N.Yamyachkov, A.S.Zporojtseva, N.P.Petrov, B.A.Il`yashenko, M.P.Baskakov, Petushkov, Tsetlinal, A.Pallibekovlardan stat`ya ha`m ocherklarinda gezlesedi.

Қарақалпақстанда ушырасатуғын фосфориттиң ең әҳмийетли кәнлери Орта Үстиртте жайласқан болып, оны изертлеўши илимпазлар еки зонаға ажыратқан:

а) Қосқудық - қарабаўыр;

б) Айбүйир - Шорша.

Aybu`yir-Shardja zonasindag`i fosforit gorizonti poleogenlik jatqiziqlar menen baylanisli. Onin` shig`is Ustirttegi plastinin` qalin`lig`i 0,2-0,3 m. Shardja–Erburinda 10-15 sm, teren`likten aling`an fosforit gorizontinin` qalin`lig`i ortasha esap penen 0,3–0,5m quraydi.

Xojeli fosforit ka`ni Xojeli temir jol stantsiyasinan 1,5-3 km qashiqliqta jaylasqan. Bul jerde ko`p jillar dawaminda izertlewlerdin` na`tiyjesinde 3 fosforitlik zonasi ashildi. Birinshi to`mengi fosforitlik gorizont V.A.Il`yashenkonin` ko`rsetiwlerine qarag`anda 3,3km$^2$ territoriyani iyeleydi, fosforit plastinin` qalin`lig`i 15-20 sm. Birinshisine qarag`anda ekinshi fosforitlik gorizont ko`birek territoriyani iyelep, bunda fosforit

plastinin` qalin`lig`i 60-70 sm, to`mengi gorizontinin` qalin`lig`i 15-20 sm, joqarisi 0-10-15 sm shekem jetedi. Paydali qazilmalar jaylasqan ka`nnin` maydani V.Ya.Il`yashenkonin` ko`rsetiwine qarag`anda 3,4 $km^2$ territoriyani iyeleydi. Fosforittin` mug`dari taw jinisinin` ishinde ortasha 6-9 % barabar.

Ketmenshi fosforit ka`ni Taqiyatastan tuslik shig`ista 3 km qashiqliqta jaylasqan. Bul ka`n A.D.Arxangel`skiy ha`m A.S.Zaporojtseva ta`repinen izertlengen. Ashiq izertlew protsessi V.Ya. Il`yashenko ta`repinen 1953-1956 jillarda alip barildi. Bul jerde eki fosforit gorizonti jaylasqan. To`mengi gorizonttin` qalin`lig`i 15-20 sm, joqarg`isi 25-30 sm shekem jetedi. V.Ya. Il`yashenkonin` bergen mag`liwmatina qarag`anda taw jinisinin` ishindegi salistirmali qatnasi ortasha 4,8% al ayirim jerlerinde 22% kuraydi. Ketmenshi fosforit ka`ninin` $S_2$ kategoriyasinda zapasi 5% ortasha esaptan 600 min` tonnani quraydi.

Chuqoy-Tog`ay fosforit ka`ni No`kis qalasinan tuslikke 12 km kashiqliqta jaylasqan. Bul ka`n birinshi ret A.D.Arxangel`skiy ta`repinen izertlengen. Keyingi jillarda izertlew jumislarin A.S.Zaporjtseva, M.Tsetlin, Il`yashenko ha`m A. Pallibekovlar alip bardi. (1976).

Chuqoy-Tog`ay ka`ninde bir fosforit gorizonti bar, onin` uzinlig`i 15 km, eni 2 km barabar. Al ka`n jaylasqan maydan 35$km^2$ territoriyani quraydi. Fosforit goizontinin` qalin`lig`i 0,1-1 m fosforittin` salistirmali u`lesi 2,23% - 8,8% barabar. $S_2$ kategoriyasindag`i fosforit jaylasqan maydan 36,4 $km^2$ territoriyani quraydi. Fosforit gorizontinin` qalin`lig`i jaylasqan maydani 36,4 $km^2$ territoriyani iyelep, onin` uliwma zapasi 20 007 min` tonnani quraydi.

Нөкис фосфорит кəни Нөкис қаласының арқа-шығысында жайласқан. Бул кəнди биринши болып А.Д.Архангельский ашқан. Al keyingi jillarda M.M.Tsetlina, V.Ya.Il`yashenko, A.Palibekovlar izertlegen. Bul ka`nde tek bir fosforitlik gorizont bar. Sonin` qalin`lig`i 20-60 sm plasti quraydi. Fosforittin` salistirmali u`lesi 5,6-22,6% barabar. No`kis ka`ninde jaqin jerde Toqtaba, Porli taw, Nazarxan, Aqburil Qipshak fosforit ka`nleri jaylasqan. Xojako`l fosforit ka`ni Qaratawdin` arqa – batis ta`repinde ha`m Xojako`l ka`ninin` arqa batista jaylasqan. Oni birinshi ma`rte A.D.Arxangel`skiy ashqan. Keyingi jillarda V.Ya.Il`yashenko ta`repinen izertlenip bunda 2 fosforit ashildi. To`mengi plastta fosforittin` salistirmali u`lesi 0,8-11,6 %, al gorizonttin` qalin`lig`i 0,2 m-

0,4 m shekem ketedi. Fosforittin` mug`dari 12%, al ka`nnin` jaylasiwi tik keledi. $S^2$ kategoriyasinda bayliqtin` zapasi 2 mln 721 min` tonna ha`m 13,5 $km^2$ maydandi iyelep jatir.

A.Palibekovtin` (1976) izertlewlerine qarag`anda bul ka`nde fosforit temir, marganets ha`m t.b. mineralliq shiyiki zatlar ushiraydi. Sonliqtan fosforit ka`nin tezirek xaliq xojalig`ina paydalaniwg`a beriw u`lesi ekonomikaliq paydani qolg`a kirgiziwge jol ashadi. Ko`rsetilgen fosforitlik basqa Qizilqumda, Shig`is Sultan Wayiste, Soxkol`, Meshekli, Tuyemoyin ha`m basqa fosforitlik zonalar ha`m maydanlar bar, bular ha`zirgi waqitta izertlenip atirg`an tiykarg`i ob`ektler bolip esaplanadi.

Қарақалпақстан Республикасында минерал дүзлардың да бай қорлары бар. Олар тийкарынан ас дузы, тас дузы ҳ.т.б. дузлар болып, ас дузының тийкарғы өндирислик қорлары Қараўымбет көли, Барсакелмес, Ақтуба, Сарыкөл, Арықбалық кәнлеринде жайласқан. Олардың анықланған қоры бир неше млрд т ға жетеди.

Барсакелмес дуз кәниниң анықланған қоры 17,2 млрд т ға, Қараўымбет дуз кәниниң қоры болса 7-8 млн т деп баҳаланған.

Қарақалпақстан аймағында қурылыс материаллары қатарына ҳәк тас, мергель, мрамор, гранит, тальк, қурылыс қумы, саз ылай ҳ.т.б. лар ушырасады.

Султан Ўәйис таўындағы палеозой дәўиринде пайда болған магматикалық ҳәм метаморфлық қатламлар арасында мрамор таслары оғада көп. Бул орында мрамор ушырасатуғын қатламның узынлығы 20-22 км, ени болса 200 м ден 5 км ге шекем жетеди, ал мрамор тас қатламының қалыңлығы 25 м ден 240 м ге шекем жетеди. 1968-жылдан баслап 4 жерде карьер түринде мрамор қазып алынып баслады. Нөкис мраморы заводы Султан Ўәйис таў карьери тийкарында ҳәр қыйлы көлемдеги мрамор плиталарын ислеп шығарады. Тарийхтан белгили бул жерде таярланған мрамор плиталары Москва, Санкт-Петербург, Ташкент ҳ.т.б. да ири қалаларда кеңнен қолланылған.

Тальк ҳәм талькли таслар Султан Ўәйис таўындағы Зийнел булақ ҳәм Қазғантаў кәнлеринде ушырасады. Тальк қорының көп болыўына қарамастан, ол санаатта елеге шекем пайдаланылмай атыр. Себеби бул орындағы карбонатлы жыныслардан талькти алыў қыйын, бирақ бул орыннан өндирилген тальк отқа шыдамлы гербиш, талькли магнит уны, биринши сортлы керамикалық затлар ҳәм резинадан исленген буйымларды таярлаўда кең қолланыў мүмкин.

Каолин саз ылайлары да ең әҳмийетли қурылыс материалларынан бири болып, қалыңлығы 3-10 м ге шекем болған оның қорлары Хожакөл зонасында жердиң үстинги қабатында ушырасады. Каолин сазлары өндиристе безеў жумысларында, керамикалық плиталар, ыдыслар таярлаўда кеңнен қолланылады.

Қарақалпақстан аймағында бентонитли сазлар да кең тарқалған. Олардың қурамында 60-70% муғдарда монтмориллонит минералы бар болып, олар қурылыс ушын қолайлы материаллар қатарына киреди. Бентонит сазларының көлемли кәни Нөкистен 10 км қублада, Әмиўдәрьяның оң жағасында Нөкис-Төрткүл жолына жақын болған Бестөбеде ушырасады. Бентонит сазларының химиялық ҳәм минераллық қурамын үйрениў, оны керамзит өндирисинде кеңнен пайдаланыўға жол ашты. Усыған сәйкес Нөкис ҳәм Тақыятас қалаларында керамзит заводлары қурылған.

Карбонатлы жыныслар әсиресе палеоген ҳәм неогенли жатқызықларда көбирек ушырасады. Олардың қалыңлығы 10 м ден 600 м ге шекем жетеди. Бул жынысларлардың қоры Үстиртте жайласқан болып, олардың ишинде мергель, пор, ҳәк тас кең таралған.

Жуўмақлап айтқанда, Қарақалпақстан Республикасы аймағында аўыр санаат тараўларын, әсиресе қурылыс материаллары санааты ҳәм нефть-газ-химия санааты комплексин раўажландырыў ушын минерал шийки зат ресурслары оғада көп. Буның тийкарында республикада аўыр индустрияны, нефть-газ-химия комплекси ҳәм қурылас санаатын буннан былайда раўажландырыў, металлургия санаатын қәлиплестириў регионның жалпы

ишки өним көлеминиң артыўына, дүнья базарына экспорт өнимлерин жетистирип бериўге, бул өз гезегинде жумыссыз халықтың бәнтлик машқаласын шешиўге, елимиздиң социаллық-экономикалық жақтан раўажландыўына тийкар болады.

# II-БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛҚЫНА ГЕОГРАФИЯЛЫҚ СЫПАТЛАМА

## 2.1. Қарақалпақстан халқы ҳәм оның өсиў динамикасы

Статистикалық мағлыўматларға қарағанда Қарақалпақстан Республикасы халқы 2012 жыл 1 январьда 1711,8 мың адамды қураған. Бул көрсеткиш 1979 жылы 905,5 мың адамға тең болып, ол 806,3 мың адамға көбейген. 1979-2012 жыллары халық саны қалаларда 400,4 мыңнан 850,5 мың адамға, аўыллық орынларда болса ол 505,1 мыңнан 861,3 мың адамға өскен. 2009 жылы регионда 11 ири аўылларға посёлка статусы берилди.




1-сүрет. Қарақалпақстан Республикасы халқының өсиў динамикасы
(1979-2009 жж., алдынғы дәўирге салыстырғанда)

Қарақалпақстан Республикасының демографиялық жағдайын изертлегенимизде биз 1979 ҳәм 1989 жыллардағы халық есап-санағы мағлыўматларынан, сондай ақ 1999 ҳәм 2009 жыллардағы статистикалық мағлыўматлардан пайдаланып, ҳәр 10 жылдан системалы турде оның өзгерисин анықладық. Бул дәўир аралығында халық санының өсиў динамикасында барқулла өзгерислер болып турған.

Қарақалпақстан районларында[2] 1979-2009 жыллары халық саны 755,6 мыңнан 1305,9 мың адамға (172,8%) өскен ҳәм оның жыллық көбейиўи 2,43

---

[2] Районлар дегенде – аўыллық районлар түсинилип,Нөкис ҳәм Тақыятас қалалары есапқа алынбайды

% ти қураған. Регионда халық саны өсиў пәтиниң өзгерип барыўы дәўирлер мысалында анық көринеди. Тийкарынан, 1979-1989 жыллары халық санының өсими 128,3 % ке, 1989-1999 жыллары 122,1 % ҳәм 1999-2009 жыллары 110,3 % ке тең болған.

Қарақалпақстан районлары халық санының өсиў пәти бойынша бир-биринен кескин парықланады ҳәм оның регионаллық өзгешеликлерине төмендеги географиялық, социал-экономикалық, демографиялық ҳәм экологиялық факторлар тәсир қылған:

- Регионлардың географиялық жайласқан орны;
- Халықтың тәбийий өсими (туўылыўшылық ҳәм өлимшилик);
- Регионлардың тәбийий шараяты ҳәм экологиялық жағдайы;
- Халықтың миллий ҳәм этникалық қурамы;
- Халықтың жайласыўы ҳәм миграциясы;
- Урбанизация дәрежеси ҳәм б.

Өндиристиң раўажланыўы, соның менен бир қатарда халық саны ҳәм оның турмыс шараятының өсип барыўы инсан ҳәм тәбият арасындағы өзара байланысларды қурамаластырып, оның экологиялық ҳәм социал-экономикалық әқибетлерин күшейтиреди. Бул бойынша регионда жүзеге келген қурамалы экологиялық жағдай тиккелей Арал теңизиниң қурып барыўына байланыслы. Региондағы экологиялық жағдайдың тәсир шеңбери теңизден алыслаған сайын өзгерип, парықланып барады. Сол себепли бул экологиялық машқала регионаллық айырмашылықларды жүзеге келтирип, географиялық изертлеўлерде экологиялық - **геоэкологиялық** жандасыўды талап етеди.

Изертленип атырған дәўирде халық санының өсими қала ҳәм аўыллық орынларда бир-биринен парық қылады. 1979-2009 жыллары Қарақалпақстанда қала халқы 338,0 мыңнан 672,4 мың адамға өскен ҳәм оның орташа жыллық көбейиўи болса 3,30 % ке тең болған. Бул жағдай 1979-1989 жыллары 4,61%, 1989-1999 жыллары 2,20% ҳәм 1999-2009 жыллары болса бул көрсеткиш 1,16 % ти қураған. Қалаларда 1979-1989 ҳәм 1989-1999

жыллар даўамында халық санының өсими аўыллық орынларға қарағанда жоқары болған. Текғана 1999-2009 жылларға келип қалаларда халық санының өсими бираз төменледи. Бул дәўирде айрым қалаларда, мысалы, Мойнақ, Тақыятас ҳәм Хожели қалаларында халық саны кемейсе, Шоманай ҳәм Қоңырат қалаларында оның саны дерлик өзгермеген.

## 2.2. Қарақалпақстан халқының аймақлық жайласыўы

Қарақалпақстан аймағында халықтың жайласыўы узақ тарийхқа ийе. Регионда халықтың жайласыўы тарийхый, кейинала миллий ҳәм этникалық, тәбийий орталық, социал-экономикалық ҳәм демографиялық факторлар тәсиринде жүзеге келип, халық әййемнен шөл ҳәм жайлаўларда шарўашылық, суў этирапларында балықшылық ҳәм Әмиўдәрьяның дельта бөлиминде дыйқаншылық менен шуғылланып келген. Сонлықтан, халық тийкарынан суў дереклерине жақын жерлерде, яғный суўғармалы дыйқаншылық пенен шуғылланатуғын аймақларда тығызрақ, шарўашылық раўажланған шөл ҳәм ярым шөл регионларда сийрек жайласқан.

Қарақалпақстанда халық бир тегис жайласпаған, оның тийкарғы бөлими Әмиўдәрья дельтасында дыйқаншылық мақсетинде өзлестирилген жерлерде жайласқан. Республиканың үлкен бөлимин ийелеп жатқан Устюрт платосы, Қызылқумм шөли ҳәм Арал теңизиниң қурыған бөлими – Аралқум шөлинде болса дерлик турақлы елатлы пунктлер жоқ. Бул аймақда халық текғана магистрал темир жол ҳәм қазылма кәнлерине жақын посёлкаларда, сондай ақ, шөллерде азғана мәўсимлик шарўадарлар жасайды.

Соны айтып өтиў керек, регионларда халық тығызлығыдағы парықлар районлар аймағының үлкен-кишилигине, халқының сийрек болыўы болса хожалық жағынан өзлестирилиўи менен байланыслы узақ тарийхый процесс нәтийжеси болып есапланады. Дельтада халық әййемнен суўғарма дыйқаншылық пенен шуғылланып келген. Сол себепли халықтың жайласыўы көбинесе суў менен байланыслы болып, ҳәзирги күнде Әмиўдәрья ҳәм оған тутас каналлар бойлап тығыз жайласқан.

Халық жайласыўын ҳәр қыйлы көз-қарастан қараў мүмкин. Мысалы, ол қала ҳәм аўыллық орынлар (урбанистик), тәбийий-регионаллық (дельта, шөл, таў алды ҳ.т.б.), административлик-регионаллық (экономикалық районлар, районлар, қала ҳәм б.) бойынша бөлистириледи. 2010 жылы Қарақалпақстан халқының 63,9 % и Әмиўдәрьяның оң бөлимине туўра келди. Бул көрсеткиш 1979 жылы 60,4 % ке тең болған. Демек, халық саны бул бөлимда өсип, оның үлесиде асқан. Оған халық саны тез өсип баратырған қубланың 4 районынан 3 еўиниң ҳәм республика орайы Нөкис қаласының тап дәрьяның сол бөлимиинде жайласқанлығы себеп болған.

2013 жылы Қарақалпақстанда административлик жақтан 14 район, 12 қала ҳәм 26 посёлкалар бар болып, олар үлкен-кишилиги ҳәм халық санына қарай бир-биринен кескин парық қылады. Районларының ҳәр бирине орташа 93,3 мың адам туўра келген. Олар, өз гезегинде, 137 аўыллық пухаралар жыйыны (АПЖ) ҳәм 1131 аўыл елатлы пунктине (АЕП) ажыратылып, олардың ҳәр бирине халық, сәйкес түрде, орташа 5,9 ҳәм 0,7 мың адамнан туўра келген. Бул көрсеткиш қалаларда 56,0 мың адам ҳәм посёлкаларда 5,5 мың адамға тең. Урбанизация дәрежеси болса мәмлекетниң басқа областларына қарағанда әдеўир жоқары (50,4%).

Әмиўдәрья, Беруний, Төрткүл, Хожели ҳәм Елликала районлары АПЖ лары ири, олардың ҳәр бирине орташа 7 мың адамнан көбирек халық туўра келеди. Бул жағынан Мойнақ, Тахтакөпир, Қараөзек ҳәм Қоңырат районлары пәс көрсеткишге ийе (4 мың адамнан аз). Аўыллар саны ҳәм халық санына байланыслы олар бир-биринен парықланып, Беруний, Төрткүл, Елликала ҳәм Қоңырат районылары аўылларының ҳәр биринде 1 мың адамнан аслам. Өз гезегинде, Кегейли, Шымбай, Шоманай ҳәм Қараөзек районларында бул көрсеткиш 0,4 мың адамнан аз.

Районлар аймағының үлкен-кишилиги бойынша да бир-биринен үлкен парық қылады. Себеби, бул көрсеткиш ең үлкен Қоңырат (76,0 мың кв км) ҳәм ең киши Шоманай (0,63 мың кв км) районы арасындағы парық ямаса аймақтың “географиялық” коэффиценти 120,6 ге тең. Егер Қоңырат, Мойнақ

(37,0 мың кв км) ҳәм Тахтакөпир (21,1 мың кв км) районларын бирга қосып есапланса, онда әне сол 3 районға Қарақалпақстан аймағының 80,2 % и, пүткил Өзбекстан Республикасы аймағының 30,0 % и туўра келеди. Ал оған регионның 11,5 % ҳәм мәмлекетниң 0,7 % халқы туўра келеди.

Қарақалпақстан халқының орташа тығызлығы 1979 жылы 1 кв км майданға 5,4 адамды қурап, регионда халық санының өсип барыўы нәтийжесинде бул көрсеткиш 2013 жылы 10 адамға жетти. Анализлер соны көрсетеди, изертленип атырған дәўирде халықтың тығызлығы оның өсиў пәти жоқары болған Елликала районында 2,4 есеге, Әмиўдәрья, Төрткүл ҳәм Беруний районларында дерлик еки есеге, ал бул жағдай орташа болған Кегейли, Хожели, Шымбай, Қараөзек ҳәм Қоңырат районларында 150-190 % ке өскен. Халықтың өсими пәс болған Нөкис, Тахтакөпир, Шоманай ҳәм Қанлыкөл районларында оның тығызлығы 130-150 % ке өскен болса, Мойнақ районында болса ең аз, 126,2 % ти қурады.

Районларда халық үлеси арқадан қублаға, яғный Арал теңизинен алыслап барған сайын өзгерип барған. Демек, экологиялық жағдай ҳәм миллий қурамына байланыслы региональлық айырмашылықлар бар районларда миграцияның кери әқибетлериниң үлкен ямаса киши болыўына ҳәм бул халықтың жайласыўында **қублаға жылжыўы** ҳәм **орайласыўында** өз сәўлесин тапқан.

Атап өтилгениндей, Қарақалпақстан халқының дерлик ярми қалаларда жасайды. Олардан ең ириси Нөкис қаласы болып есапланады (271,5 мың адам). Ол елимиздиң ири қалалары ишинде халық саны тез пәт пенен өсип баратырған қалалар қатарына киреди. Бул қала халқының өсимине жақын посёлка (Қизкеткен, Пристань) ҳәм бир қатар аўыллардың қосылып кетиўи де себеп болып атыр. Қаланың географиялық жайласқан орнына байланыслы ол қубла ҳәм қубла-батыс, яғный Әмиўдәрья тәрепке барған сайын кеңейип бармақда. Буннан жуўмақ етиў мүмкин, Нөкис келешекте Хожели, Тақыятас қалалары, Водник посёлкасы ҳәм бир қанша елатлы пунктлер менен қосылып халқы ярым миллионлық агломерация қаласын пайда етиўи мүмкин. Басқа

ири қалалары Хожели, Беруний ҳәм Төрткүл есапланады. Бул қалалардың халқы Нөкис қаласы менен биргеликде 450,2 мың адамды, жәми қала халқының 55,3 % ин қурайды. Тақыятас, Шымбай, Қоңырат ҳәм Манғыт қалаларыниң ҳәр биринде 30 мыңнан 50 мың адам жасайды. Бостан, Мойнақ, Шоманай ҳәм Халықабат қалалары киши қалалар қатарына киреди.

### 2.3. Қарақалпақстан халқының тәбийий өсими

Анаў ямаса мынаў регионда халық санының өсиўи ямаса азайыўына халықтың тәбийий өсим, миграция процесслери, сондай ақ, административлик-региональлық өзгерислер тәсир етеди. Бырақ, көбинесе халық санының өсиминде тәбийий өсим айрықша фактор есапланады. Ол барлық өткен дәўирлерде Қарақалпақстан халқының өсиминде де тийкарғы дерек болып келген. Бырақ соңғы жыллары регионда жүз берип атырған экологиялық, социал-экономикалық ҳәм демографиялық факторларға байланыслы халықтың тәбийий өсим дәрежеси кескин кемейген болсада, ол миграцияның кери сальдосы орнын қаплап келмекте. Текғана, соңғы 4-5 жылда халықтың тәбийий өсиминиң бираз өскенлиги сезиледи.

Анализлери республикада халықтың **тәбийий өсиминиң** 1979-1989 жыллар даўамында әдеўир жоқары ҳәм турақлы болғанлығын көрсетеди. Оннан кейинги дәўирде, яғный 1989-1999 жыллары туўылыўшылық 57,6 % ке, өлимшилик 67,1 % ке, нәтийжеда халықтың тәбийий өсими 55,1 % ке кемейген. Бул процесс 1999-2009 жылларға келип және бираз өскен. Бырақ оның орташа жыллық көбейиўи алдынғы дәўирден аз болған.




2-сүрет. Қарақалпақстан халқының тәбийий өсими (промилле есабында)

1979-1989 жыллары Қарақалпақстанда халықтың тәбийий өсими ең жоқары шыңына жетип, ол регионның барлық районларында 30,0 промилледан аслам болған. Бул процессдеги кескин өзгерислер 1989-1999 жылларға туўра келеди. Бул болса туўылыўшылықтың қысқарыўы менен байланыслы болып, оған өтиў дәўириндеги бир қатар социал-экономикалық факторлар тасир етти. Буннан тысқары, дүньяда жүз берип атырған демографиялық өтиў процесси, халықтың саналы түрде өз шаңарақларын режелестириўи нәтийжесинде көп балалы шаңарақдан кем балалы шаңаракқа өтиўи байқалмақта.

Ғәрезсизлик жылларында халықтың тәбийий өсими 30,1 дан 18,6 промиллеге ямаса дерлик еки есеге кемейген. Регионда текғана халықтың туўылыўшылығы емес,  ал оның өлимшилик дәрежеси де бир қанша кемейгенлиги байқалады. Бироқ ол туўылыўшылық дәрежесине қарағанда әдеўир әсте жүз берип атыр. Тийкарынан, 1991-2009 жыллары Қарақалпақстанда халықтың туўылыўшылығы 36,9 дан 23,9 промиллеге, өлимшилик дәрежеси болса 6,8 ден 5,3 промиллеге қисқарган.

Демографиялық процесслер бойынша қала ҳәм аўыллық орынлар кескин парықланады. Өткен жылларда қалаларда туўылыўшылық 34,6 дан 21,3 промиллеге, өлимшилик 6,3 ден 5,4 промиллеге ҳәм тәбийий өсим 28,3 ден 15,9 промиллеге, аўыллық орынларда болса, сәйкес түрде, 39,1 ден 23,2

промиллеге, 7,3 ден 5,4 промиллеге ҳәм 31,8 ден 17,8 промиллеге кемейген. Буннан көриўге болады, регионның қала ҳәм аўыллық орынларда жүз берип атырған демографиялық процесслер, соңғы жыллары тәбийий өсимниң тийкарғы көрсеткишлери арасындағы парықлар қысқарып, олар бир бирине жақынласып бармақта.

Социал-экономикалық, демографиялық ҳәм экологиялық факторлар нәтийжесинде халықтың тәбийий өсиминде регионаллық айырмашылықлар жүзеге келип, бул жағдай районлар бойынша бир-биринен кескин парық қылады. 1991 жылы Қарақалпақстан бойынша халықтың туўылыўшылығы 36,9 промиллени қураған болса, бул көрсеткиш ең кем Нөкис қаласында (31,9‰) ҳәм ең жоқары Қанлыкөл районында (45,0‰) байқалған. Анализлердиң көрсетиўинше, Қарақалпақстанда туўылыўшылық коэффициенти жыл сайын кемейип, 2010 жылы Қарақалпақстанда 23,1 промилле ҳәм бул жағдай барлық районларда орташа 21,0-25,0 промилле әтирапында болды.

Изертленип атырған дәўирде халықтың туўылыўшылық дәрежеси барқулла өзгерип турған. Сонлықтан, қала ҳәм районларында халықтың туўылыўшылығындағы айырмашылықларды анықлаўда оның орташа көрсеткишинен пайдаланыў қолай ҳәм сол тийкарда олар төменгише группаларға ажыратылады: **биринши группаға** туўылыўшылық дәрежеси жоқары Әмиўдәрья, Беруний, Қанлыкөл, Хожели, Шоманай ҳәм Елликала районлары; **екинши группаға**, жоқарыдағы жағдай орташа болған Кегейли, Қоңырат, Мойнақ, Нөкис, Төрткүл, Шымбай ҳәм Бозатаў районлары; ҳәм **үшинши группаға** халықтың туўылыўшылығы пәс есапланған Қараөзек, Тахтакөпир районлары ҳәм Нөкис ҳәм Тақыятас қалалары киреди.

Изертленип атырған жылларда туўылыўшылық сыяқлы халықтың өлимшилик дәрежесинде де үлкен өзгерислер жүз берип, ол 6,8 ден 5,1 промиллеге азайған. Бул көрсеткиш туўылыўшылық процессинде жүз берип атырған өзгерислерге қарағанда киши, бырақ халық өлимшилигиниң азайыўы регионның социал турмысында айрықша орын тутады. Себеби,

халық өлимшилиги оның турмыс шараяты, тийкарынан экологиялық жағдайы менен тығыз байланыслы болады.

Изертленип атырған дәўирде Қарақалпақстанда халықтың өлимшилик дәрежеси орташа 6,0 промиллеге тең болған. Экологиялық жағдайдың өзине тән регионаллық өзгешеликлерине байланыслы ол республика орташа көрсеткишинен  Кегейли ҳәм Мойнақ районларында жоқары, Қараөзек, Қанлыкөл, Қоңырат, Тахтакөпир, Хожели, Шымбай, Шоманай, Бозатаў районлары ҳәм Тақыятас қаласыда орташа, Әмиўдәрья, Беруний, Төрткүл, Елликала районлары ҳәм Нөкис қаласыда пәс дәрежеде екенлигин көриўимизге болады. Бул дәўирде халықтың өлимшилик дәрежеси Әмиўдәрья, Бозатаў, Кегейли, Мойнақ, Шымбай ҳәм Шоманай районларында әдеўир қысқарды. Соған қарамастан Қарақалпақстан улыўма ҳәм балалар өлимшилигиниң жоқарылығы менен мәмлекетимиздиң басқа регионларыннан ажыралып турады.

Қарақалпақстан районлары ҳәм қалаларын 1991-2010 жыллар даўамында халықтың орташа тәбийий өсими бойынша ажыратылған группалар 6-кесте ҳәм 6-сүретда толық көрсетилген. Бул дәўирде халықтың тәбийий өсиминиң жоқарылығына байланыслы биринши группа районларында халық саны 137,8 % ке өсип, оның үлеси 30,7 ден 32,7 % ке өскен. Халық саны сәйкес түрде екинши группада 127,5 % ке ҳәм үшинши группада 123,7 % ке өскен. Бул группаларда туўылыўшылық дәрежеси орташа ҳәм пәс болыўына байланыслы халықтың үлеси екинши группада 35,1 ден 34,6 % ке, үшинши группада болса 34,2 ден 32,7 % ке азайди.

3-кесте

**Қарақалпақстан районлары ҳәм қалалары халқының орташа тәбийий өсими бойынша группаластырылыўы (1991-2012 жж.)**

| №. | Халықдың тәбийий өсими бойынша группалар | Районлары ҳәм қалалар | Халық саны (мың адам) | | Урбанизация дәрежеси, 2009 ж. (%) |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1991 ж. | 2009 ж. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| I | Жоқары (20,1‰ ҳәм оннан жоқары) | Әмиўдәрья , Беруний, Елликала, Қанлыкөл, Шоманай районлары | 385,8 | 531,5 | 28,0 |
| II | Орташа (18,1-20,0‰) | Қоңырат, Мойнақ, Төрткүл, Хожели, Шымбай районлары | 440,7 | 562,0 | 50,0 |
| III | Пәс (18,0‰ ҳәм оннан кем) | Қараөзек, Кегейли, Нөкис, Тахтакөпир районлары, Нөкис ҳәм Тақыятас қалалары | 430,2 | 532,1 | 73,5 |
| | Жәми: | 16 | 1256,7 | 1625,6 | 50,6 |

Кесте ҚР статистика басқармасы мағлыўматлары тийкарында дүзилген

Атап өтиў керек, әдетте, аўыллық орынларда халықтың туўылыўшылық дәрежеси жоқары болады. Жоқарыда келтирилген группалар урбанизация дәрежеси бойынша да бир-биринен кескин парық қылыўи көрсетилген. Бул процесс, өз гезегинде, халықтың тәбийий өсимине тиккелей тәсир етеди. Мысалы, халықтың тәбийий өсими жоқары болған биринши группада урбанизация дәрежеси 28,0 %, бул жағдай орташа көрсеткишга ийе екинши группада 50,0 % ҳәм тәбийий өсим пәс үшинши группада 73,5 % ке тең.

Халықтың туўылыўшылығи ҳәм тәбийий өсим дәрежесиниң жоқарылығы, өлимшилик дәрежесиниң пәслиги бойынша Қарақалпақстанның қубла районлары айрықша ажыралып турады. Сондай ақ, Қанлыкөл ҳәм Шоманай районларында да халықтың туўылыўшылығы ҳәм тәбийий өсими жоқары, бырақ бул районларда өлимшилик көрсеткишлери орташа дәрежеде.

Халықтың тәбийий өсимине социал-экономикалық факторлардан тысқары демографиялық ҳәм экологиялық жағдай да белгили дәрежеде тәсир етеди. Себеби, регион халқының тәбийий өсим процессинде жүз берип атырған өзгерислер неке көрсеткишлерине ҳәм халықтың жас-жыныс қурамына байланыслы болып, 2000-2010 жыллар даўамында халықтың некеге кириўи ҳәр мың адамға 7,5 дан 10,8 адамға өскен. Оған себеп,

регионда халықтың тәбиийй өсими ең жоқары болған дәуирде (1979-1989 жыллары халықтың тәбиийй өсими орташа 30-35 промилле) туўылған халық ҳәзирги күнге келип, бул процессде тиккелей қатнаспақта. Экологиялық жағдай болса тиккелей халықтың кеселлениўине, нәтийжеда улыўма ҳәм балалар өлимшилигиниң жоқары болыўына тәсир етеди. Бул процесслер Арал теңизинен алыслаған сайын, яғный арқадан қублаға парықланып барады. 2000-2005 жыллар даўамында халықтың улыўма өлимшилиги арқа районларда орташа 7,0 промилле, орайлық районларда 6,5 ҳәм қубла районларда 5,5 промиллени қураса, балалар өлимшилиги регионларда сәйкес түрде 26-28 промилле, 23-25 ҳәм 20-22 промиллеге тең болған.

### 2.4. Қарақалпақстан Республикасы халқының миграциясы

Соңғы жыллары Қарақалпақстанда халық санының өсими ҳәм оның жайласыўына тиккелей тәсир етип атырған факторлардан бири регионда жүз берип атырған миграция процесси болып есапланады. Бул процесс республикада эмиграцияның иммиграцияға қарағанда жоқарылығы ҳәм буның нәтийжесинде миграцияның кери сальдосының өсиўи менен халық саны өсиў пәтиниң кемейип барыўында өз сәўлесин тапқан. Өз гезегинде, миграцияның раўажланыўына регионда жүзеге келген экологиялық жағдай ҳәм базар қатнасықларына өтиў дәўириндеги жаңа социал-экономикалық шараят тәсир етпекте. Сондай ақ, миграция процессинде тарийхый, миллий ҳәм этникалық факторлардың да әҳмийети үлкен.

Мәмлекетимиздиң миграция тарийхы жүдә узақ дәўирди өз ишине алади ҳәм ол жүдә қурамалы болған. Тийкарынан, өткен әсирдиң 30-жылларындағы қурғақшылық ўақтында Өзбекстанға көплеген қазақлардың көшип келиўи күшейген. Сол дәўирде Қарақалпақстан халқының миллий қурамы қәлиплесип, әсиресе оның климат ҳәм тәбиийй шараяты салыгершилик ҳәм шарўашылық ушын қолайлығы, регионға корейс ҳәм қазақ миллети ўакиллериниң көшип келиўинде тийкарғы фактор болды. Сол

орында айтыў керек, бул дәўирде айрим халқлар Орайлық Азия республикаларына сүргин етилген.

Буннан соңғы дәўирде, әсиресе, Екинши жер жүзлик урысы жылларында душпанға ўақтынша таслап кетилген аймақлардағы халық ҳәм санаатты шығысқа, тийкарынан Өзбекстанға көширилиўи нәтийжесинде республикаға және де көбирек миллет ўакиллериниң келип орнасыўына себеп болды. Кейиншелик, Өзбекстанға маман кадр ҳәм қәнийге жумысшылар, тийкарынан рус, украин, беларус ҳәм басқа миллет ўакиллери көшип келген. Бул процесслер Қарақалпақстанда халықтың миллий қурамыниң қәлиплесиўине белгили дәрежеде тәсир етеди.

Солай етип, Қарақалпақстанда халық миграциясыниң нәтийжеси өткен әсирдиң 90-жылларына шекем унамлы болып, тәбийий өсимниң жоқарылығы себепли халық санының өсими жүдә тез болды. Бурынғы Аўқамның ыдыраўы, оның орнында ғәрезсиз республикалардың пайда болыўы менен миграция процесси жәнеде күшейди. Елимиз халқының көп миллетли екенлиги, басқа миллет ўакиллериниң, әсиресе, Арал теңизиниң қуриб барыўы менен региондағы экологиялық жағдайдың жүзеге келиўи ҳәм буның әқибетлериниң тәбиятқа, тийкарынан халықдың ден-саўлығына кери тәсири аймақда этникалық ҳәм экологиялық миграцияның раўажланыўына алып келди. Сыртқы миграцияның үлкен ағымы Қарақалпақстанның арқа ҳәм орайлық регионлары ушын тән болып, бул аймақ миграция процессин пайда етиўши жоқарыдағы факторларды өзинде сәўлелендиреди.

Демографиялық процесслер бир-бири менен тығыз байланыслы. Мысалы, халық миграциясы текғана халық санына емес, ал оның тәбийий өсими, жайласыўы, жас-жыныс, миллий ҳәм социал қурамына да тәсир қылады. Бул өз гезегинде, миграция процесси жүз берип атырған регионларда бир қатор машқалаларды келтирип шығарады. Миграцияда тийкарынан жаслар, оның басым көпшилигин болса ер адамлар қурайды. Сонлықтан, халық миграциясы демографиялық процесслерге, яғный

туўылыўшылық, өлимшилик ҳәм некеге белгили дәрежеде өз тәсирин көрсетеди.

1991-2012 жыллар даўамында Қарақалпақстанда жәми сыртқы ҳәм ишки миграция процесслеринде 924,9 мың адам қатнасып, соннан келгенлер 357,5 мың адамды, кеткенлер 567,4 мың адамды, нәтийжеде миграция сальдосы минус 209,8 мың адамды қураған. Көшип келгенлер (63,9%) ҳәм кеткен халықтың (61,7%) көпшилиги қалалар үлесине туўра келди.

Изертленип атырған дәўир басларында көшип келиўшилер менен кетиўшилер саны жоқары, яғный 30 мың адам әтирапында болған. Сол дәўирде регионда миграция сальдосы жүдә азды (0-0,5 мың адам) қураған. 1995-2000 жыллары миграция сальдосы кери тәрепке өсип, 4-5 мың адамға жеткен. Оған бул дәўирде көшип келиўшилер санының кескин қысқарыўы себеп болып, кетиўшилер саны болса дерлик өзгермеген. Оннан соңғы дәўирде көшип кетиўшилер саны кескин дәрежеде өсди ҳәм, нәтийжеда, миграция сальдосы 2005-2012 жыллары минус 10-15 мың адамға жеткен.

Изертленип атырған дәўирде халық миграциясы регионларда бир-биринен кескин парық қилди. Оған, бириншиден, олардың географиялық жайласқан орны, тәбийий-географиялық шараяты ҳәм геоэкологиялық жағдайы себеп болса, екиншиден, социал-экономикалық факторлар, сондай ақ, халықтың миллий қурамы үлкен тәсир қылған.

Улыўма алғанда, изертленип атырған дәўирде Қарақалпақстанда миграция процесслери, соңғы жылларды есапқа алмағанда кескин дәрежеде кери болып, бул жағынан регионлар арасындағы айырмашылық үлкейип барған. Әсиресе, оған регионның арқа ҳәм орайлық районларын мысал етип келтириў мүмкин. Буның нәтийжесинде бул районларда халық саны өсими әстелесе, айырымларында бул процесс турақласып, айырымларында кемейиў жағдайлары сезиледи. Ал қубла районларда миграция сальдосы кери болса-да, оның пәс дәрежеси менен ажыралып турады.

# III-БАП. ХАЛЫҚ ХОЖАЛЫҚ ТАРАЎЛАРЫНЫҢ ҚӘЛИПЛЕСИЎИ, РАЎАЖЛАНЫЎЫ ҲӘМ ҲӘЗИРГИ ЖАҒДАЙЫ

## 2.1. Республика санаат тараўларына сыпатлама

Қарақалпақстан Республикасы аграр-индустриал республика есапланады. Қарақалпақстан Республикасының халық хожалық тараўларында аўыл-хожалығы үлкен роль ойнап келген ҳәм ҳәзирги күнде де бул тараў басқа тараўларға қарағанда республикада әҳмийетли роль тутады.

1991-жыллардан баслап Өзбекстан Республикасы ғәрезсизликке ерискеннен кейин, базар қатнасықларына өтиў шәраятында халық хожалығының барлық тараўлары қыйыншылықларға ушырады. Айырым тараўларда 6зилислер, пәсейиўлер, айырым тараўлар улыўма өним бериўди тоқтатты. 1990-2000-жыллар аралығында көплеген тараўларда пәсейиў жағдайлары ушырайды. Бирақ, кейинги 2-3 жылда аз болса, алға илгерилеўшиликлер бар екенлигин көриўимизге болады. Себеби республикада шет еллер менен биргеликте бир неше қоспа кәрханалар дүзилди. Бундай кәрханаларды көплеп қурыў, әсиресе жеңил ҳәм азық-аўқат санааты кәрханаларын қурыў арқалы республикамыздың экономикасын көтериўге ерисиледи.

Солай етип, ҳәзир республикада энергетика, қурылыс материаллары, жеңил, азық-аўқат санаат тараўлары, аўыл-хожалығының дийханшылық ҳәм шарўашылық тараўлары қәлиплескен.

**Электр-энергетика санааты.** Аўыр санааттың бул тараўы республикада жас тараўлар қатарына киреди. Бул тараў ҳақыйқый санаат тараўы сыпатында 1960-жыллардан кейин қәлиплесе баслады. Бул тараў республиканың халық хожалығын индустриялластырыўда белгили орын ийелмекте. Жақын жылларға шекем электр-энергетика санааты отын базасының болмаўына байланыслы киши ҳәм тарқақ электр станцияларынан ибарат еди. Мысалы, 1961-жылы республикада 411 станция болып, булардың барлығы биргеликте 147,7 млн кВт саат энергия берген.

1960-жыллардан баслап Тақыятас ГРЭС-иниң биринши ҳәм екинши гезектеги қуўатларын иске түсириўге байланыслы республикада электр энергиясын өндириў оғада өсти. Тақыятас ГРЭСи ҳәзирги күнде тек Қарақалпақстан Республикасын ғана емес, Хорезм областы ҳәм Түркменистанның Ташаўыз областьларын да электр-энергиясы менен тәмийинлейди.

Электр-энергетика санаатының раўажланыўы басқа санаат тараўларының раўажланыўы ушын тийкар болып есапланады. Электр-энергетика санааты илим-техника прогрессине кең жол ашып берди.

1964-жылы Тақыятас ГРЭС-иниң қуўатлылығы 48 мың кВт саат болған болса, 1965-70-жыллары ҳәр бириниң қуўатлығы 100 мың кВт саат болған қосымша үш труба генератор орнатылды. Солай етип, кейинги жылларда Тақыятас ГРЭС-иниң улыўма қуўаты 357 мың кВт саатқа жетти. Бул жыл сайын өндирилетуғын электр энергия көлемин 2,2 млрд кВт саатқа жеткерди.

Электр-энергия республикада өндиристиң өсиўи ҳәм транспорттың раўажланыўына унамлы тәсир жасады. 1961-88-жыллары санаатта электр энергиясын пайдаланыў 6,4 есеге, аўыл-хожалығында 22,3 есеге, қурылыста 8,6 есеге, транспортта 45 есе ҳәм коммунал хожалығында 15,2 есеге өсти.

1988-90-жыллары Тақыятас ГРЭС-иниң 6-7 энерго блоклары иске түсирилди. Нәтийжеде, төменги Әмиўдәрья экономикалық районының электр энергиясына болған талабы әдеўир дәрежеде қанаатландырылды. Қарақалпақстанның электр тармағы улыўма Өзбекстанның энергия системасы менен тутастырылған.

4-кесте

**Қарақалпақстан Республикасында электро-энергия ислеп шығарыў**

| Жыллар | Өндирилген электр энергиясы, млн кВт/с. | өсиў пәти, 1940-жыл менен салыстырғанда |
|---|---|---|
| 1940 | 3,6 | 100 |
| 1950 | 9,5 | 26 есе |
| 1965 | 261 | 73 есе |
| 1975 | 1911 | 531 есе |
| 1985 | 2183 | 606 есе |

| | | |
|---|---|---|
| 1990 | 3366 | 935 есе |
| 1995 | 2750 | 770 есе |
| 2000 | 3053 | 845 есе |
| 2012 | 2650 | 768 есе |

Бул кестеден көринип турыпты, республикада электр энергетика санааты 1965-жыллардан баслап тез пәт пенен өскен. 1990-жылларға шекем электр энергия өндириў өсип келген. 1990-жыллардан баслап электр энергия өндириў өсиўден тоқтады. Буның тийкарғы себеби, базар қатнасықларына өтип атырған шәраяттағы 7ақтынша қыйыншылық болып есапланады.

**Қурылыс материаллары санааты** республикамызда 1950-60-жыллардан баслап раўажлана баслады. Илгерилери қол мийнетине тийкарланған гербиш писиретуғын бир неше қумбызлар бар еди. Санаат ҳәм аўыл-хожалығының раўажланып барыўы менен қурылыс материаллары республикамыздың көплеген қалаларында қурылыс материаллары санааты кәрханалары ашылды. Олардан Нөкистеги ири панелли үй-жай қурыў комбинаты, Нөкис ҳәм Тақыятастағы қурамалы бетон заводлары, Жумыртаў ҳәм қаратаўда тасты майдалайтуғын механизацияласқан завод, Нөкис, Хожели, Шымбай, Қоңырат ҳәм Берунийда гербиш заводлары иске түсирилди.

Ҳәзир Нөкисте ислеп шығарылған мрамор плиталары Өзбекстанның басқа областьларына да шығарылмақта. 1990-жылға келип республикада 62 мың тонна ҳәк, 29 мың тонна асфальт бетон өнимлери, 2,4 мың $м^3$ майдаланған тас, 521 мың $м^3$ қурылыс қумы, 62,4 мың $м^3$ керамзит, 59,8 мың $м^2$ мрамор плиталары ислеп шығарылған.

Бирақ, ҳәзирги экономикалық қыйыншылықлар жағдайында қурылыс материаллары санаатының айырым тараўлары пәсейип кетти. Буны төмендеги 10-кестеден көриўимизге болады.

5-кесте

**Қарақалпақстан Республикасында қурылыс материалларын ислеп шығарыў**

| Жыллар | Қурамалы темир-бетон конструкциялары, мың м$^3$ | Қурылыс гербиши (пискен) млн дана |
|---|---|---|
| 1940 | - | 12,0 |
| 1960 | 4,0 | 48,6 |
| 1970 | 67,0 | 83,3 |
| 1980 | 151,0 | 101,0 |
| 1985 | 352,8 | 136,1 |
| 1990 | 426,6 | 189,4 |
| 1995 | 78,1 | 75,2 |
| 2000 | 93,7 | 56,1 |
| 2012 | 35,2 | 39,7 |

Буннан басқада ҳәк ислеп шығарыў 1990-жылы 62 мың тонна, 1995-жылы 12,3 мың тонна, 2000-жылы 5,6 мың тонна, ал 2003-жылға келип 0,8 мың тоннаға түсип кетти. Темир-бетон конструкцияларын ислеп шығарыў 1990-жылы 426,6 мың м$^3$, 1995-жылы 78,1 мың м$^3$, 2000-жылы 93,7 мың м$^3$, ал 2011-жылға келип 36,6 мың м$^3$ қа түсип кетти. Буны гербиш ислеп шығарыўда да көриўимизге болады.

Бирақ ҳәзирги күнге келип өзлери ушын үй-жай қурыўда қам гербиштен пайдаланыўы өсип кетти. ҳәзирги күнде халықты үй-жай менен тәмийинлеў ҳәм бул өнимлерге болған талабын қанаатландырыў ушын бул тараўды раўажландырыў ҳәзирги заман талабы болып есапланады.

**Жеңил санаат.** Қарақалпақстан Республикасында жеңил санаат тараўы санаат комплексиниң ең раўажланған тараўларынан есапланады ҳәм өним өндириўде басқа санаат тараўлары ортасында биринши орынды ийелейди. Егер өндиристе улыўма өнимниң көлемин 100% деп алсақ, оның 40%-ке шамаласы жеңил санаатқа туўра келеди. Сондай-ақ, өндиристе бәнт адамлардың 30%-ке жақыны жеңил санаатқа туўра келеди. Кейинги жыллары жеңил санаат тараўлары жа4а технологиялық үскенелер менен реконструкцияланды ҳәм оның географиялық жайласыўына да үлкен өзгерислер киргизилди. Республикада пахташылық тараўы раўажланыўына байланыслы жеңил санаатының тийкарын пахта тазалаў санааты ийелейди.

Бул санааттың тийкарында тигиўшилик, трикотаж, пахтаны ийириў, тоқымашылық сияқлы тараўлар қәлиплести.

Пахта тазалаў санааты тараўы жеңил санаат тараўлары ишинде өним жетистириўде биринши орынды ийелейди. Оның үлеси жеңил санаат өниминиң 72%-ине тең.

Бүгинги күнде Қарақалпақстан Республикасында бар 6 пахта тазалаў заводының қуўаты менен республикада жетистирилетуғын пахтаның барлығы тола қайта исленеди.

1940-2011-жыллар арасында Қарақалпақстанда пахта талшығын өндириў төмендеги 11-кестеде көрсетилген.

6-кесте

**Қарақалпақстан Республикасында пахта талшығын өндириў**

| Жыллар | Пахта талшығы (мың тонна) |
|---|---|
| 1940 | 34,6 |
| 1950 | 41,0 |
| 1960 | 76,7 |
| 1970 | 98,5 |
| 1980 | 132,8 |
| 1990 | 113,0 |
| 2000 | 54,0 |
| 2012 | 56,8 |

Бул кестеден көринип турыпты, 1940-жылдан 1990-жылға шекем пахта талшығын өндириў 3,3 есе өскен, ал 2011-жылға шекем 1940-жылғы көрсеткиштен де түсип кеткен. Буның себеби, кейинги жыллары климаттың қурғақ келиўи ҳәм Арал теңизи әтирапында экологиялық шәраяттың аўырласыўы, тийкарынан суў ресурсларының жетиспеўшилиги ҳәм пахтаның егислик майданының кемейиўи есапланады. 1991-жылдан баслап аўыл-хожалығында бийдий егиў режеси берилди. ҳәзирги ўақытта пахта менен бир қатарда бийдай да егилип атыр. ҳәзирги ўақытта пахта тазалаў заводлары Хожелиде, Шымбайда, Халқабадта, Беруний, Манғытта жайласқан. ҳәзирги ўақытта ислеп турған пахта тазалаў заводларын реконструкуциялаў ҳәмең

заманагөй технология менен тәмийинлеў бүгинги күнниң ең әҳмийетли мәселелеринен бири есапланады.

Қарақалпақстанда жасаўшы халық тоқымашылық өнерментшилиги менен әййемги заманлардан берли шуғылланып келген. Ол дәўирлерде өзлери ислеген әпиўайы ийириў, тоқыў әспаплары менен пахта, жүн гезлемелерди безеў берип тоқыған. Олардан үй буйымларын ислеген.

Кейинги жыллары өндирис күшлерин жайластырыўда шийки зат дереклерине тийкарланған республика өз тоқымашылық кәрханаларына ийе болды.

Тоқымашылық санааты қайсы районда жайласпасын, оның өзине тән өзгешеликлери, биринши гезекте ҳаял-қызлар мийнетине тийкарланғанлығы менен парқ қылады. Себеби, бул санааттағы технологиялық процесслер ҳақыйқаттан да ҳаял-қызлар күшин талап етеди. Сол жағдайларды есапқа алып Төрткүл, Беруний, Манғыт ҳәм Хожели қалаларында 1984-жылы пахтаны ийириўши ҳәм тоқымашылық фабрикалары иске түсирилди. Ол фабрикаларда ислеўшилердиң 90%-и ҳаял-қызлар есапланады.

Кейинги жыллары тоқымашылық фабрикаларында ислеп шығарыўдың қуўатының асыўы нәтийжесинде пахта гезлемелерин өндириў әдеўир өсти. 1990-жылға келип пахта гезлемелерин ислеп шығарыў 1975-жылға салыстырғанда 2,2 есеге көбейди.

7-кесте

**Қарақалпақстан Республикасында 1985-2011-жыллар аралығында женил санаат өнимлерин өндириў көлеми**

| Өнимлердиң аты | %лшем бирлиги | 1985 | 1990 | 1995 | 2000 | 2011 |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Пахта талшығы | тонна | 112 997 | 112 997 | 90 443 | 53 997 | 56 800 |
| Ийирилген сабақ | тонна | 2 031 | 4 189 | 5 337 | 2 890 | 3 123 |
| Пахта гезлеме | мың кв м | 0 | 17 584 | 24 108 | 8 564 | 8 474 |
| Вата | тонна | 1 783 | 3 049 | 2 772 | 1 743 | 2 542 |
| Медициналық бинт | мың шт | - | - | - | 173 | - |
| Шулық-носки | мың шт | - | 6 | 12 | 5 | - |
| Трикотаж | мың шт | - | 813 | 2 226 | 102 | - |

| өнимлери | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|

Бул кестеде жеңил санаат өнимлерин ислеп шығарыў көлеми 1985-жылға салыстырғанда айырым тараўларда пәсейген, айырым тараўлар өскен.

Пахта талшығын ислеп шығарыў 1985-2011 жыллар аралығында 112 мың тоннадан 56,8 мың тоннаға кемейип кеткен. Буның тийкарғы себеби, кейинги жыллардағы суўдың аз болыўы. Жип ийириў 2 мың тоннадан 2011-жылы 3,1 мың тоннаға өскен.

Улыўма айтқанда республикада жеңил санаатты раўажландырыў имканиятлары бар.

**Азық-аўқат санааты.** Қарақалпақстан Республикасында азық-аўқат санааты ески санаат тараўларының бири есапланады. Бирақ бул санаат тараўы буннан 1 әсир бурын қол мийнетине тийкарланған еди. ХХ әсир басларында республикада г6нжи көбирек майданды ийелеп, г6нжиден май алыў раўажланған еди. Ол дәўирлерде ҳәр бир елатлы пунктлерде май ислеп шығаратуғын жуўазхана ислеген. булар қаўын тухымы ҳәм кендирден де пайдаланған. Бул елатлы пунктлерде ун дигирман ҳәм ун қаразлар ислеп турған. Булардың барлығы жергиликли шийки зат дерегинде ислеген.

Азық-аўқат санаатының Қарақалпақстандағы тийкарғы шийки зат дереги дийханшылық, шарўашылық ҳәм балықшылық есапланады.

Бүгинги күнде республикада гөш санааты раўажланбақта. Олар Нөкис ҳәм Хожели қалаларында жайласқан гөш комбинатларынан ибарат. Арнаўлы қарамалларды семиртиў хожалықларынан алып келинген қарамалларды комбинатта механизмлер жәрдеминде сойылып, пуштарланып ҳәм оны қайта ислеўши орынларға тарқатылады. Еки комбинатта да колбаса, сосиска ҳәм гөшти майдалайтуғын цехлар ислеп турыпты. Бул цехлар заманагөй әспап-үскенелер менен тәмийинленген. Гөш жетистириў 1985-жылы 14,6 мың тонна, 1990-жылы 16,7 мың тонна, 1995-жылы 3 мың тонна, 2000-жылы 832 тонна, ал 2011-жылы 15000 тонна гөш жетистирилген. Колбаса өнимлерин жетистириў бойынша бул көрсеткиш 1,8 мың т., 2,4 мың т., 463 т., 268 т., 225

тонна жетистирген. Буннан көринип турыпты 1985-жылдан 1990-2011-жыллар арасында гөш ҳәм гөш өнимлерин жетистириў пәсейип кеткен.

Қарақалпақстанда халықты гөш ҳәм гөш өнимлери менен тәмийинлеўде шарўа малларының бас санын көбейтиў менен бирге, семиртиўге бағылатуғын қарамаллардың өнимдарлығын асырыў, нәсилигин жақсылаў жолы менен әмелге асырылады.

Май санааты республикада биринши раўажланған санаат тараўлары қатарына кирип, оның тийкарғы шийки заты пахта шигити.

1985-жылы өсимлик майын ислеп шығарыў 25,2 мың тонна, 1990-жылы 28,2 мың тонна, 1995-жылы 19,4 мың тонна, 2000-жылы 12,4 мың тонна, ал 2011-жылы 14,4 мың тоннаға түсип кетти. Буның тийкарғы себеби кейинги жыллары пахта жетистииўдиң пәсейип кетиўи. Бул тараўды раўажландырыў ушын шийки зат дереги пахта ҳәм майлы егинлерден мол өним алыў керек.

Өсимлик майын өндириў менен бирге мал майын өндириў халықтың майға болған талабын қандырыўда үлкен әҳмийетке ийе.

1985-жылы мал майын өндириў 605 т., 1990-жылы 933 т., 1995-жылы 589 т., 2000-жылы 44 т., 2011-жылға келип 168 тоннаны қурады.

Республикада балық аўлаў 1940-жылы 24,4 мың тоннадан 1990-жылы 1,9 мың тоннаға, ал 2011-жылға келип 595 тоннаға түсип кеткен. Ал, балық консерваларын ислеп шығарыў 1940-жылы 20 мың шәртли банкадан, 1990-жылға келип 17,3 млн шәртли банкаға жеткен. Бирақ, 1990-2003-жыллар арасында бул көрсеткиш түсип кетти. Мысалы, 1990-жылы 17,2 мың туб, ал 2003-жылы 108 туб балық консерва ислеп шығарылған, буннан кейинги жылларда бул өним ислеп шығарылмаған.

Республикада аўыл-хожалығы егинлери өнимлеринен де консервалар ислеп шығарылады. Оның дереги палыз, бақша өнимлери есапланады. 1986-жылы пайдаланыўға тапсырылған Нөкис консерва заводы ҳәр жылы 8 млн нан аслам шәртли банка консерва ислеп шығарады. Бирақ, бул заводтың қуўаты республикада жетистирилетуғын палыз, бақша егинлерин өз

ўақтында ислеп үлгере алмайды. Соның ушын 1991-жылдан баслап аўыллық жерлерде де шет ел технологиясы тийкарында, киши консерва цехлары қурылмақта. Бундай консерваларды ислеп шығарыў 1990-жылы 9,4 мың туб, 1995-жылы 2,4 мың туб, ал 2011-жылға келип 3,5 мың туб ты қураған.

Ун ҳәм ун өнимлери - ата-бабаларымыздан мийрас тараў есапланады. Илгерилери бул тараў тек қол мийнетине тийкарланған тараў еди. Ата-бабаларымыз илгерилерден баслап-ақ дигирман ҳәм қаразлардан пайдаланып келген. Олар жүгери ҳәм бийдайды тартып ун ҳәм жармаға айландырған.

Ҳәзирги ўақытта Нөкис ҳәм Тақыятас ун комбинатлары ҳәзирги заман әспап-үскенелери менен тәмийинленген кәрханалар есапланады. 1991-92-жыллардан баслап республикамыз хожалықларына бийдайдың планға киргизилиўи ҳәзирги күнге келип 55-60 мың тонна бийдай жетистириўге алып келди. Бийдай ҳәм басқада д1нли егинлерди жетистириўди көбейтиў ушын республикамызда ҳәр бир район, аўыллық орынларда ун қаразлар қурылған.

Тақыятас ун комбинаты тийкарында заманагөй әспап-үскенелер менен тәмийинленген г6риш цехы ислеп турыпты. Сондай-ақ Шымбай, Хожели ҳәм қанлыкөл районында г6риш заводлары ислеп турыпты. Булардан басқа аўыллық орынларда да г6риш қаразлар ислеп турыпты. Солай етип республикада жетистирилетуғын барлық салыны г6риш қылып ислеў имканияты бар.

1995-жылы ун ислеп шығарыў 73,8 мың тонна, 1990-жылы 88,8 мың тонна, 1994-жылы 159 мың тонна, 2000-жылы 100 мың тонна, ал 2011-жылы 76,9 мың тоннаны қурады.

Буннан тысқары шарўашылық ушын жем кепек, комбикормлар ислеп шығарылады.

Нан ҳәм нан өнимлери - бул тараў да ескиден киятырған тараўлардан бири есапланады. Республикада ири нан таярлаў комбинатлары 50-60-жылларда пайда болды. Нөкис ҳәм Хожели нан комбинатлары 60-70-жыллары қайта реконструкцияланып, оның өним түрлери көбейди, сапасы

жақсыланды. ҳәр бир районда, аўылларда нанбайханалар ислеп турыпты. Нан ҳәм нан өнимлерин ислеп шығарыў жыл сайын өсип бармақта. 1985-жылы 45,4 мың тонна өним таярланған болса, 2011-жылға келип бул көрсеткиш 46,3 мың тоннаны қурады.

Қарақалпақстанда биринши макарон фабрикасы 1960-жылы Нөкис қаласында қурылды Сол жылы фабрика 582 тонна макарон өнимлерин жетистирди. 1992-жылы бул фабриканың қуўаты 4000 тоннаға жеткерилди. ҳәзирги күнге келип ҳәр бир районда бир нешше макарон ислеп шығарылатуғын киши цехлар ислеп турыпты. 1990-жылы 2 мың тонна, 1995-жылы 425 тонна, 2000-жылы 5,6 мың тонна, 2011-жылы 2,9 мың тонна макарон ислеп шығарылды.

Келешекте бул санаат тараўларының өнимлерин халық санының өсиўине байланыслы буннан былайда раўажландырыў керек.

## 2.2. Аўыл-хожалығы тараўларының раўажланыўы

Қарақалпақстан Республикасының тәбийий географиялық шәраяты аўыл-хожалығының көп тараўларын, әсиресе ыссыны көп талап етиўши тараўларды раўажландырыўға имкан береди.

Қарақалпақстан Республикасының жер бети тегис болыўы, механизацияны кең қолланыўға жәрдем береди. Үстирт ҳәм Қызылқум жайлаўлары қойшылық, түйешилик, жылқышылықты раўажландырыў имканиятын береди.

Қарақалпақстанның тәбийий географиялық ҳәм климат шәраятлары республикада пахта, салы, бийдай, овощ, бақша, жүзимшилик, от-жем егинлерин жетистириўге, ал шарўашылықта қаракөлшилик, түйешилик, жылқышылық, сүт-гөш ушын мал шарўашылығы, пиллешилик ҳ.т.б. түрлерин раўажландырыўға имкан береди.

**Дийханшылық** Қарақалпақстан шәраятында аўыл-хожалығының ең әҳмийетли тараўы есапланады, оның үлеси аўыл-хожалық өнимлериниң 60%-тен асламына тең. Басқа районлар қатары Қарақалпақстанда да

дийханшылықтың өзине тән өзгешеликлери бар. Қарақалпақстанда пахта, салы, бийдай, бақшылық, овощ ҳәм бақша, от-жем егинлерин жетистириў раўажланған.

8-кесте

**Қарақалпақстан Республикасы аўыл-хожалық өнимлеринің тийкарғы түрлерин өндириў (мың т)**

| Өним түрлери | 1965 | 1970 | 1975 | 1980 | 1985 | 1991 | 1995 | 2011 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Пахта | 260,0 | 334,7 | 386,3 | 430,0 | 361,4 | 285,8 | 288,2 | 196,1 |
| Дәнли егинлер | 40,2 | 66,7 | 227,3 | 388,6 | 291,6 | 325,8 | 190,7 | 302,1 |
| Усыннан: | | | | | | | | |
| Овощ | 16,0 | 28,4 | 41,8 | 82,4 | 61,6 | | | 99,6 |
| Палыз өнимлери | 18,9 | 25,4 | 38,5 | 52,2 | 59,9 | 98,2 | 42,1 | 50,0 |
| Гөш | 11,5 | 11,8 | 15,9 | 20,0 | 22,6 | 14,1 | 9,4 | 46,6 |
| Сүт | 77,0 | 82,5 | 99,4 | 122,4 | 130,5 | 35,2 | 28,5 | 146,6 |
| Мәйек, млн шт | 32,7 | 35,4 | 41,3 | 42,2 | 82,5 | 51,5 | 7,6 | 32,2 |
| Жүн | 132,1 | 129,8 | 184,1 | 224,0 | 225,0 | 434,9 | 302,3 | 676,3 |
| қаракөл тери, мың шт | 79,7 | 85,4 | 122,6 | 172,2 | 127,2 | 92,6 | 60,3 | 56,8 |
| Пилле, тонна | 517 | 512 | 710 | 806 | 914 | 945 | 682 | 743,8 |

*Пахташылық* Қарақалпақстан Республикасында дийханшылықтың ең әҳмийетли қәнигелескен тараўы. 1990-жылы Қарақалпақстанда пахтаның егислик майданы 1913-жылға салыстырғанда 13 есеге, улыўма өними 21 есеге, ал өнимдарлығы болса 1,6 есеге көбейген.

Қарақалпақстанда пахтаның егислик майданы 1913-жылы 11,8 мың га, 1950-жылы 83,6 мың га, 1989-жылы 164,8 мың га егилип, пахтаның майданы жылдан-жылға асып барған. 1989-жылдан кейин пахтаның егислик майданы жылдан-жылға кемейип бармақта. 1990-жылы 155,7 мың га, 1991-жылы 149,6 мың га, 1995-жылы 145,5 мың га, 2011-жылы 106,2 мың га майданға пахта егилген. Пахта егислик майданының кемейип кетиўине соңғы жыллары суў ресурсларының жетиспеўшилиги себеп болмақта.

Пахтаның ҳасылдарлы 2011-жылға келип 19,2 ц\га ны қураған. Пахтаның ҳасылдарлығын көтериў ҳәм пахтадан мол өним алыў ҳәзирги

күнниң ең әҳмийетли мәселелериниң бири. Себеби пахта санааттың тийкарғы шийки заты болып есапланады.

*Салыгершилик* - қарақалпақ халқының ең ески дийханшылық тараўы болып есапланады. Қарақалпақстанда салыгершилик аўыл-хожалығының раўажланған тараўы сыпатында 1965-жылдан баслап раўажланған. Соннан кейин Қарақалпақстан Республикасы салыгершилик республикасына айланды. Республикада Нөкис, Тахтакөпир, қараөзек, Шымбай, қанлыкөл ҳәм Қоңырат районлары салы жетистириўге қәнигелескен.

Республикада 1913-жылы салының егислик майданы 4,1 мың га, 1965-жылы 13,6 мың га, 1980-жылы 62,6 мың га, 1989-жылы 96,1 мың га, 1995-жылы 92 мың га, 1999-жылы 85,6 мың га, ал 2011-жылы 15,5 мың га майданға егилген. 1990-жылы 301,5 мың тонна,1991-жылы 298,4 мың т., 1995-жылы 141,9 мың т., 1999-жылы 171,1 мың т., ал 2011-жылы 42,0 мың тонна салы жетистирилген. Өнимдарлығы 1991-жылы 33,6 ц., 1995-жылы 15,4 ц., 1999-жылы 20 ц., ал 2011-жылы 27,1 ц болған. Кейинги жыллары суўдың жетиспеўшилиги тәсир етпекте.

*Бийдай* - бул төменги Әмиўдәрья халқының ең ески дийханшылық егинлеринен бири болып, тийкарынан азық-аўқат ушын егилип келген. Өткен әсирдиң 50-жылларынан баслап пахтаның егислик майданларының кеңейиўине байланыслы бийдайдың егислик майданы жылдан-жылға кемейип барды.

Ҳәзирги күнге келип, базар қатнасықларына өтип атырған бир шәраятта республикада 1991-жылдан баслап бийдай егиў планы берилип баслады. Сол жыллардан баслап республикада бийдай егислик майданы жылдан-жылға асып бармақта. Мысалы, 1991-жылы 7,7 мың га, 1995-жылы 19,9 мың га, 1999-жылы 32,6 мың га, 2011-жылы 64,3 мың га бийдай егилген. Өними 6,7 мың тоннадан 242,3 мың тоннаға шекем өскен. Өнимдарлығы 8,7 ц ден 37,8 ц ге өскен.

Буннан көринип турыпты, бийдай егислик майданы жыл сайын асып барыўы менен бир қатарда оның өнимдарлығы да асып бармақта. Бийдай

суўды аз талап ететуғын егин болғанлықтан, келешекте бийдай егислик майданларын буннан былайда көбейтиў ҳәм оның өнимдарлығын асырып барыў жолы менен бийдайдың егислик майданларын асырыў мүмкин. Июнь айында босаған жерлерге от-жем егинлери ҳәм басқада палыз егинлерин егип алыўға имканият береди.

*Бағшылық ҳәм жүзимгершилик.* Қарақалпақстанда бағ ҳәм жүзимзарлар 5 мың га дан аслам. Усыннан 4561 га сы бағ, 516 га сы жүзимзарлардан ибарат. Жердиң көп шорланыўы нәтийжесинде көп майданлардағы бағлар қурып бармақта. Бирақ олардың орнын толықтырыў жумыслары әстелик пенен алып бармақта. Буны жеделлестириў ҳәзирги күн талабынан бири болып есапланады.

Қарақалпақстанның үлесине Өзбекстанда жетистирилетуғын жүзимниң 0,5%-и туўра келсе, бағшылық өнимлериниң 1,8%-и туўра келеди. Бул мағлыўматлар бойынша, бул еки тараў да республикада жетерли дәрежеде раўажланыўдан артта.

1980-жылы республикада жетистирилген улыўма өнимниң жүзим 600 т ны қураған болса, 1990-жылға келип 400 тоннаны қурады. 2011-жылға келип бул көрсеткиш 19 мың тоннаны қураған. Ҳәр бир гектардан алынатуғын өним 1990-жылы 27 ц ди қураған болса, 2011-жылға келип 50 ц ден асты.

*От-жем егинлери* шарўашылықты раўажалындырыўда үлкен әҳмийетке ийе. Ол шарўашылық ушын азық-аўқат дереги есапланады.

От-жем егинлери дегенде оларды егиў, өним алыў, сақлаў ҳәм мақсетке муўапық қағыйдалар бойынша шарўа малларын азықландырыўды түсинемиз. Егер шарўа малларына жуғымлы от-жем болмаса, олардан алынатуғын өнимлер де аз болады.

**Шарўашылық.** Бул тараў азық-аўқат ҳәм жеңил санаат тараўларын ең әҳмийетли шийки зат пенен тәмийинлейди. Қарақалпақстан шарўашылығы өзиниң кең жайлаўларына, от-жем ҳәм аўыл-хожалық өнимлери тийкарында ислейтуғын санаат өнимлерине тийкарланған индустриал негизде раўажланбақта.

Қарақалпақстан Республикасы тәбийий ҳәм сбрип егилетуғын от-жем егинлериниң көп болыўына қарамастан Өзбекстандағы үлеси айтарлы дәрежеде үлкен емес. 1990-жылы республиканың Өзбекстандағы үлесине қарамаллар бас санының 7,8%-и, соннан сыйырлар 7,8%, қой ҳәм ешкилер 5,7%-и, соннан қаракөл қойларының 7,4%-и, шошқалардың 4,3%-и, Зуслардың 5,8%-и туўра келеди.

Қарақалпақстанда шарўашылық көп тармақлы. Олардың ҳәр бир тараўы раўажланыўында өзине тән өзгешеликлерге ийе.

*Қарамалшылық.* Бул тараў өзгешеликлери соннан ибарат, себеби бул тараў сапалы ҳәм жоқары колориялы азық-аўқат өнимлерин жетистириўи менен ажыралып турады. Азық-аўқатлық әҳмийети жағынан қарамал сүти бийбаҳадыр. Қарақалпақстан шәраятында жақсы бағылып атырған саўын сыйырлар 4%-и май менен 3000-4000 кг сүт бере алады. Нәсилдар сыйырлар 7000-8000 литр сүт бере алады. Сүт ҳәм сүт өнимлери: сүт, сары май, қаймақ, қатық, иримшик ҳ.т.басқада өнимлер мал сүтинен алынады.

Қарақалпақстанда оның от-жем базасы, нәсили ҳәм зооветеринал жағынан бағылыўы әҳмийетли роль ойнайды. Қарақалпақстанда сыйырлардың бас саны удайы өскени менен, оның 5нидарлығы пәс дәрежеде қалып келмекте.

9-кесте

**Қарақалпақстан Республикасында шарўа малларының бас саны**

| | Өлшем бирлиги | 1991 | 1995 | 1999 | 2011 |
|---|---|---|---|---|---|
| Ири шақлы қара мал | мың бас | 401,7 | 386,5 | 379,8 | 665,7 |
| Соннан: сыйырлар | __//__ | 163,3 | 166,0 | 162,5 | 219,0 |
| Шошқа | __//__ | 11,8 | 10,2 | 6,4 | 4,8 |
| Қой ҳәм ешки | __//__ | 537,5 | 485,8 | 437,5 | 653,8 |
| Атлар бас саны | __//__ | 19,7 | 18,1 | 16,7 | 15,1 |
| Қуслар бас саны | млн бас | 1110,9 | 575,3 | 718,5 | 1092,9 |

Кестедеги мағлыўматларға қарағанда республикада қарамаллардың бас саны 1991-жылдан 401,7 мың бастан, 1999-жылы 379,8 мың басқа шекем

түсип кеткен, ал 2011-жылға келип 665,7 мың басқа көбейген. Соннан сыйырлардың бас саны 163,3 мың бастан 219 мың басқа өскен.

Улыўмаластырып айтқанда республикада шарўашылықты раўажландырыў ушын қолай имканиятлар бар. Келешекте шарўашылықты раўажландырыў ушын олардың бас санын көбейтиў менен бирге, олардың нәсилин жақсылаў, олардың ҳәр биринен алынатуғын өнимди көбейтиў де үлкен роль ойнайды.

Кейинги жыллары шарўашылықта бас санының кемейиўи гүзетилген, бирақ кейинги 2-3 жылдан баслап олардың бас санының өсип атырғанын көриўимизге болады.

Кейинги жыллары шарўашылық тараўларында жекке фермер хожалықларының дүзилиўине байланыслы шарўашылықтың бас саны ҳәм олардан алынатуғын өним өсип бармақта.

## 2.3. Транспорт тараўларының раўажланыўы

Транспорт халық хожалығының ең әҳмийетли тараўларынан бири болып, ол өзине тән өзгешеликлерге ийе. Бул өзгешеликлер халық хожалығы жүклерин, жолаўшыларды бир жерден екинши бир жерге өз ўақтында жеткериў сияқлы әҳмийетли ўазыйпаны бежериў - бул транспорттың шығарған өними есапланады.

Экономиканың, мәденияттың өсиўи, транспорттың 6зликсиз өсиўине, жүк айланысының кеңейиўине, оның материаллық-техникалық базасының өсиўине алып келеди.

Республикамыз патша Россиясы дәўиринде транспорт-экономикалық байланыслар жағынан жүдә кейинде қалған үлке болып келген. Ол дәўирлерде транспортлар арба, түйе ҳәм басқада көликлер, суўда желкенли кемелер болған.

XX әсир орталарынан баслап Қарақалпақстанда транспорт халық хожалығының жетекши тараўларынан бирине айланды. Қарақалпақстанда

транспорттың дерлик барлық түрлери, халық хожалығының, мәдениияттың, экономиканың раўажланыўына салмақлы блес қоспақта.

**Темир жол** транспортының Қарақалпақстанға кирип келиўи республиканың экономикасының, мәдениятының раўажланыўына, оның басқа районлар менен байланысын кеңейтиўге кең жол ашты. 1952-55-жыллары Чаржаў-Қоңырат темир жолы қурылды. Солай етип республикамыздың Орайлық Азия республикалары менен темир жолы арқалы байланыс жасаўына имканият туўылды. Соннан кейин 60-жыллар орталарында Қоңырат-Бейнеў темир жолы қурылысы басланып, 1972-жылы пайдаланыўға берилди. Қоңырат-Бейнеў темир жолының пайдаланыўға берилиўи тек Қарақалпақстан ушын әҳмийетли болып қалмастан, Түркменистан, ТӘжикистан Республикалары, Өзбекстанның Самарқанд, Бухара, Наўайы, Хорезм, қашқадәрья, Сурхандәрья областьлары ушын да үлкен әҳмийетке ийе болды.

Қоңырат-Бейнеў темир жол магистралының пайдаланыўға тапсырылыўы Қарақалпақстан экономикасының раўажланыўына үлкен жол ашты.

Әмиўдәрьяның оң тәрепиндеги районлар Тақыятас гидроузели қурылысының питиўи нәтийжесинде темир жол байланысына ийе болды. 1974-жылы Нөкис қаласы темир жол арқалы басқа районлар менен беккем байланысқа ийе болды.

Нөкис-Шымбай темир жол линиясы пайдаланыўға берилип, Тахтакөпир районына шекем болған аралықта қурылыс даўам етпекте.

Нөкис-Беруний-Төрткүл темир жолының иске түсиўи, қаратаўдағы қурылыс материаллары шийки зат өнимлерин тасыўда қолай имканиятлар жаратты.

Қарақалпақстан территориясында темир жоллардың улыўма узынлығы 500 км.ден асып кетти. Қарақалпақстан Республикасының пайтахты Нөкис темир жол арқалы ишки районлар менен де байланады. Мысалы, Нөкис-Қоңырат, Нөкис-Шымбай. Улыўма алғанда Нөкистен Орта Азия

республикаларының қәлеген қалаларына темир жол арқалы барыўға болады. Темир жол арқалы республикамызға ағаш материаллары, көмир, нефть, ғәлле, машина, жеңил ҳәм азық-аўқат өнимлери, минерал төгинлер ҳәм көплеген санаат ҳәм аўыл-хожалығы өнимлери, қурылыс материаллары тасылады. Қарақалпақстан Республикасында темир жоллардың узынлығы 845,3 км, жүк тасыў 567,2 млн т\км, жолаўшы тасыў 1540,1 млн жолаўшы\км тасылған.

**Автомобиль** транспорты өзиниң атқаратуғын роли бойынша ең д1слеп ишки районлар ушын үлкен әҳмийетке ийе. Қарақалпақстан Республикасы ушын кең көлемдеги территорияда жүклерди бир жерден екинши жерге тасыўда автомобиль транспортының әҳмийети үлкен. Республика территориясында биринши мәрте асфальтланған жол 1954-жылы Нөкис ҳәм Әмиўдәрья аралығында қурылып, узынлығы 6 км еди.

Ҳәзирги күнде республикамыз пайтахты Нөкис Қарақалпақстанның барлық қалалары, район орайлары, аўыллары менен асфальт жоллар арқалы байланған.

Соның менен бирге ҳәзирги ўақытта Нөкис-Самарқанд, Нөкис-Ташкент, Нөкис-Алма-ата қалалары арқалы заманагөй асфальт жоллары қурылған болып, автобуслар қатнамақта. Қарақалпақстанда тас жатқызылған ҳәм асфальтланған жоллардың узынлығы 3,7 мың км ден аслам. Бул транспортта жыл сайын

**Ҳаўа транспорты** Қарақалпақстанда 30-жыллардан кейин раўажлана баслады. 1931-жылы Төрткүл-Чаржаў, Нөкис-Төрткүл, Нөкис-:ргенш, Нөкис-Мойнақ ҳаўа жоллары ашылып, жолаўшылар қатнай баслаған.

Қарақалпақстанның пайтахты Нөкис аэропортынан ҳәзирги күнде Ташкент, Москваға самолетлар қатнап турыпты. Ҳәзирги күнде жылына 60 тонна жүк тасылып, 100 мыңнан аслам жолаўшы тасылды.

**Қубыр транспорты** арқалы нефть, газ ҳәм басқа суйық өнимлер тасылады. Транспорттың басқа түрлерине қарағанда 3убыр транспортында жүк тасыў әдеўир арзанға түседи. Дүньядағы ең қуўатлы Орта Азия - Орай,

Бухара-Урал газ 3убырлары базасында жəне Үстирттеги газ запасларының пайдаланыўға берилиўине байланыслы жəне Түйемойын-Нөкис ҳəм районлар-аралық водопровод линиясының пайдаланыўға берилиўи менен республикамызда қубыр транспорты қəлиплести. Бухара-Урал бас газ 3убырларының республикамыз территориясынан өтиўи Қарақалпақстандағы газлестириў мəселелерине тезлестирди.

# ЖУЎМАҚЛАЎ

Қарақалпақстан Республикасы базар қатнасықларына өтиў шәраятында жүз берген социал-экономикалық жағдайларды үйрениў, оларды шешиў жолларын излеп табыў ҳәм оларды илимий-изертлеўлерди жүргизиў оғада актуаль машқалалардың бири болып есапланады. Усы машқалалардың республикамыз экономикасына, сондай-ақ халықтың турмыс жағдайына өзиниң унамсыз тәреплерин тийгизип атырғанын көриўимизге болады. Себеби халықтың турмыс пәраўанлығын жетилистириўде материаллық өндирис ҳәм социаллық инфраструктура тараўлары әҳмийетли болып есапланады.

Халықты социаллық жақтан қорғаў, тәмийинлеў ҳәм социаллық инфраструктураны раўажландырыў тиккелей материаллық өндирислик тараўлардың раўажланыўы менен байланыслы. Соның ушын базар қатнасықларына өтип атырған бир шәраятта республикада халық хожалығы тараўларының аўыл-хожалығы, жеңил санаат, азық-аўқат санааты ҳәм қурылыс материаллары санааты тараўларын раўажландырыў ҳәм жайластырыў экономикалық ҳәм социаллық географиялық көз-қарастан изертлеў ҳәм оны анализ етиў арқалы төмендеги усыныс ҳәм пикирлерди бериўге болады:

- Қарақалпақстан аграр-индустриал республика, сонлықтан санаатының көпшилик тараўлары аўыл-хожалығы өнимлерин қайта ислейди. Кейинги жыллардағы суў муғдарының аз болыўы аўыл-хожалығында дийқаншылық структурасын қайта көриўди, суўды кем талап етиўши егин түрлерин егиўге қәнигелесиўди талап етеди;
- Аўыл-хожалығы структурасын қайта көриўде халқымыздың әзелден бай дийқаншылық ҳәм шарўашылық тәжирийбелерин есапқа алып, суўды кем талап ететуғын от-жем егинлери ҳәм мал шарўашылығына қәнигелесиў лазым;

- Республикамызда аўыл-хожалығы өнимлери есабынан ишки талап ҳәм сыртқы базар ушын өтимли ҳәм бәсекиге шыдамлы жеңил ҳәм азық-аўқат санаатының айрым тараўларын раўажландырыў керек;
- Республикамыздың бай тәбийий минерал ресурсларын есапқа алып қурылыс материаллары санаатын, сондай ақ нефт-газ-химия комплексин ҳ.т.б. да санаат тараўларын шөлкемлестириў;
- Сырт еллерден волюта киритиў ушын экотуризмди раўажландырыў, халық хожалығы тараўларын раўажландырыў ушын сырт ел инвестицияларын алып кириў;
- Санаат кәрханаларын қурыўда орайдан алыста жайласқан аймақларды итибардан шетте қалдырмаў керек. Қалалар ҳәм ири аўыллық орынларда социаллық инфраструктураны жәнеде жетилистириў лазым.

Бул усыныс ҳәм пикирлердиң орынланыўы Қарақалпақстанда суў жетиспеўшилик машқаласын азда болса шешиўге, санааттың аўыр, жеңил ҳәм азық-аўқат тараўларының ҳәм экотуризмниң раўажланыўына алып келеди. Бундай санаат кәрханаларының қурылысы, бириншиден елимиздиң экономикалық жақтан раўажланыўына тәсир етсе, екиншиден жумыссызлық мәселесин сапластырыў ҳәм халықтың материаллық дәрежесин асырады.

# O’mir qa’wipsizligi

O’zbekstan Respublikası Joqarı ha’m orta arnawlı bilim minisitrligi, puqaralıq qorg’anıwdın’ baslıg’ı A.Parpievtin’ 28.10.2008 j. №318 sanli buyrıg’ı ha’m universitet İlimiy Ken’esi (12.11.2008 j, №2 is qag’azı) qararı tiykarında tayarlang’an universitet rektoratı buyrıg’ına (13.11.2008 j. №120 D/1, §4) tiykarlanıp «O’mir qa’wipsizligi» pa’nin barlıq ta’lim bag’darları boyınsha talabalarg’a oqıw protsessinde u’yretiw ushın, magistr dissertatsiyasın ha’m bakalavr qa’nigelik pitkeriw jumısın orınlawda pa’nnin’ huqıqıy tiykarları kirgizildi.

“Ja’miyette puxaralardın’ huqıqları ha’m erkinliklerin qorg’aw ta’miyinlengende ol haqıqıy, huqıqıy puxaralıq ja’miyet boladı. Ha’r bir adam o’z huqıqların anıq biliwi olardan paydalana alıwı, o’z huqıqı ha’m erkinliklerin qorg’ay alıwı lazım. Bunın’ ushın da’slep ma’mleketimiz xalqının’ huqıqıy ma’deniyatın asırıw za’ru’r” (İ. Karimov. O’zbekstan XXI a’sirge umtılmaqta, 31 – bet).

XX a’sirdin’ 60 – jıllarınan baslap is ju’rgizip kelgen puxaralıq qorg’anıw sistemasının’ tiykarg’ı wazıypası tınıshlıq da’wirinde ha’m urıs jag’dayında ma’mleket xalqın jalpı qırg’ın quralları ha’m basqa xu’jim qurallarınan qorg’aw, urıs jag’dayında xalıq xojalıg’ı obektlerinin’ turaqlı islewin ta’miyinlew ha’mde apatshılıq oshaqlarında qutqarıw ha’m tiklew jumısların o’z waqtında na’tiyjeli a’melge asırıwdan ibarat edi.

Biraq xalıq o’mirine tek jalpı qırg’ın quralları emes, ba’lkim basqa qa’wip – qa’terlerde qa’wip salmaqta, olardı na’zerden shette qaldırıw hasla mu’mkin emes. Bular ta’biyiy, texnogen ha’m ekologiyalıq qa’siyetli ayrıqsha jag’daylar bolıp tabıladı.

90–jıllarg’a kelip yadro urısı qa’wipi kemeyip, biologiyalıq qurallardan paydalanıw sheklep qoyıldı, jan’a – zamanago’y qural tu’rleri oylap tabıldı, olar adamlar ushın qa’wipli bolmay, ba’lki ekonomikalıq obektlerdi isten shıg’arıwg’a qaratılg’an edi. Bulardın’ barlıg’ı puqaralıq qorg’anıw sisteması ornında jan’a bir sistema du’ziliw kerekligin da’llilep berdi.

Puqaralıq qorg’anıw ornın iyelewi mu’mkin bolg’an iri ko’lemdegi ayrıqsha jag’daylarg’a a’welden tayarlıqtı ta’miyinlewshi jan’a arnawlı ma’mleket sisteması iyelewi, ol tınıshlıq ha’mde urıs da’wirinde xalıqtı ha’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’awı lazım edi. Bul sistema xalıqtı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw ha’m qutqarıw jumısların o’tkerip qoymay, basqa a’hmiyetli ilajlardı: ta’biyiy apatlardan qa’wipli aymaqlar kartaların du’ziw, seysmikalıq bekkem bina ha’m imaratlardı qurıw, qısqa, orta ha’m uzaq mu’ddetli boljaw jumısların sho’lkemlestiriwi ha’m xalıq tayarlıg’ın a’melge asırıwı lazım edi.

Usı orında ja’ne bir ma’seleni aydınlastırıp alıwg’a tuwra keledi. Ayrıqsha jag’day degen ne, onnan xalıqtı ha’m aymaqlardı qorg’aw degende neni na’zerde tutıwımız kerek?

Ayrıqsha jag’day – adamlar qurban bolıwı, olardın’ den sawlıg’ı yaki qorshag’an ortalıqqa zıyan tiyiwi, materiallıq shıg’ınlar keltirip shıg’ılıwı ha’mde adamlardın’ turmıs sharayatının’ izden shıg’ıwına alıp keliwi mu’mkin bolg’an

yaki alıp kelgen avariya, apatshılıq, qa’wipli ta’biyg’ıy ha’diyse yaki basqa ta’biyiy apatshılıq na’tiyjesinde belgili bir aymaqta ju’zege kelgen jag’day.

**Xalıqtı ha’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw** – ayrıqsha jag’daylardın’ aldın alıw ha’m olardı saplastırıw ilajları, usılları, qurallar sisteması, ha’reketler birlesigi.

**Ayrıqsha jag’daylardın’ aldın alıw** – aldın ala o’tkerilip, ayrıqsha jag’daylar ju’z beriwi qa’wipin mu’mkinshiligi bolg’ansha kemeytiwge, bunday jag’daylar ju’z bergen ta’g’dirde bolsa adamlar den sawlıg’ın saqlaw, qorshag’an ta’biyiy ortalıqqa tiyetug’ın zıyan ha’m materiallıq shıg’ınlar mug’darın kemeytiwge qaratılg’an ilajlar kompleksi.

**Ayrıqsha jag’daylardı saplastırıw** – ayrıqsha jag’daylar ju’z bergende o’tkerilip, adamlar o’miri ha’m den sawlıg’ın saqlaw, qorshag’an ta’biyiy ortalıqqa tiyetug’ın zıyan ha’m materiallıq shıg’ınlar mug’darın kemeytiwge, sonday – aq ayrıqsha jag’daylar ju’z bergen zonalardı shen’berge alıp, qa’wipli faktorlar ta’sirin toqtatıwg’a qaratılg’an avariya – qutqarıw jumısları ha’m basqa keshiktirip bolmaytug’ın basqa jumıslar kompleksi.

Xalıqtı ha’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw tarawında qoyılg’an en’ tiykarg’ı jumıslardın’ biri–da’slep Qorg’anıw ministrligi qasında puqaralıq qorg’anıw ha’m ayrıqsha jag’daylar basqarmasının’, son’ usı basqarma tiykarında **O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ 1996 jıl 4 marttag’ı PF–1378 Buyrıg’ı** menen Ayrıqsha jag’daylar ministrliginin’ du’ziliwi boldı.

Ministrlik is ju’rgize baslag’annan son’ xalıqtı ha’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw tarawının’ huqıqıy tiykarın du’ziwshi bir qatar nızam ha’m qararlar qabıl etildi.

***O’zbekstan Respublikası nızamları:***

**Xalıqtı ha’m aymaqlardı ta’biyiy ha’m texnogen qa’siyetli ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw haqqında** (1999 jıl 20 avgust) – 5 bo’lim ha’m 27 statyadan ibarat. Nızam xalıqtı ha’m aymaqlardı ta’biyiy ha’m texnogen qa’siyetli ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw tarawındag’ı sotsial mu’na’sibetlerdi ta’rtipke saladı ha’m ayrıqsha jag’daylar ju’z beriwi ha’m rawajlanıwının’ aldın alıw, ayrıqsha jag’daylar keltiretug’ın shıg’ınlardı azaytıw ha’m ayrıqsha jag’daylardı saplastırıwdı maqset etip qoyadı.

**Puxaralıq qorg’anıw haqqında** (2000 jıl 26 may) – 4 bo’lim ha’m 23 statyadan ibarat. Usı nızam puxaralıq qorg’anıw tarawındag’ı tiykarg’ı wazıypalardı, olardı a’melge asırıwdın’ huqıqıy tiykarların, ma’mleket organlarının’, birlespe ha’m sho’lkemlerdin’ wa’killiklerin, O’zbekstan Respublikası puxaralarının’ huqıqları ha’m ma’jbu’riyatların, sonday – aq puxaralıq qorg’anıw ku’shleri ha’m quralların belgileydi.

**Adamnın’ immunitet jetispewshiligi virusı menen keselleniwinin’ aldın alıw haqqında** (1999 jıl 19 avgust) – 13 statya. Nızamda AİJS kesellliginin’ aldın alıw tarawındag’ı ma’mleketlik ta’miyinlew, keselliktin’ aldın alıw boyınsha jumıslardı qarjı menen ta’miyinlew, puxaralardın’ ha’m ma’jbu’riyatlarına tiyisli ma’seleler ko’rsetilgen.

**Gidrotexnika inshaatlarının’ qa’wipsizligi haqqında** (1999 jıl 20 avgust) – 15 statya. Usı nazımnın’ maqseti gidrotexnika inshaatların joybarlastırıw, qurıw,

paydalanıwg'a tapsırıw, olardan paydalanıw, olardı rekonstruktsiya qılıw, tiklew, konservatsiyalaw ha'm tamamlawda qa'wipsizlikti ta'miyinlew boyınsha iskerligin a'melge asırıwda ju'zege keletug'ın mina'sibetlerdi ta'rtipke salıw bolıp tabıladı.

**Awıl xojalıq o'simliklerin zıyankesler, kesellikler ha'm jabayı ot - sho'plerden qorg'aw haqqında** (2000 jıl 31 avgust) – 28 statya. Usı nazımnın' maqseti awıl xojalıq o'simliklerin zıyankesler, kesellikler ha'm jabayı ot - sho'plerden qorg'awdı ta'miyinlew, o'simliklerdi qorg'aw quralların ın' adam den sawlıg'ına, qorshag'an ta'biyiy ortalıqqa zıyanlı ta'sirinin' aldın alıw menen baylanıslı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

**Radiatsiyalıq qa'wipsizlik haqqında** (2000 jıl 31 avgust) – 5 bo'lim ha'm 28 statyadan ibarat. Nızamnın' maqseti radiatsiyalıq qa'wipsizlikti, puxaralar o'miri, den sawlıg'ı ha'm mal – mu'lki, sonday – aq, qorshag'an ortalıqtı ionlastırıwshı nurlanıwdın' zıyanlı ta'sirinen qorg'awdı ta'miyinlew menen baylanıslı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

**Terrorizmge qarsı gu'res haqqında** (2000 jıl 15 dekabr) – 6 bo'lim ha'm 31 statyadan ibarat. Usı nızamnın' maqseti terrorizmge qarsı gu'res tarawındag'ı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat. Nızamnın' tiykarg'ı wazıypaları shaxs, ja'miyet ha'm ma'mlekettin' suverenitetin ha'm aymaqlıq pu'tinligin qorg'aw puxaralar tınıshlıg'ı ha'm milliy tatıwlıqtı saqlawdan ibarat.

**Qa'wipli islep shıg'arıw obektlerinin' sanaat qa'wipsizligi haqqında** (2006 jıl 28 sentyabr) – 23 statya. Nızamnın' maqseti qa'wipli islep shıg'arıw obektlarinin' sanaat qa'wipsizligi tarawındag'ı qa'tnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

***O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' qararı:***

**Tasqınlar, sel ag'ımları, qar ko'shiw ha'm jer ko'shkisi ha'diyseleri menen baylanıslı ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw ha'm olardın' aqıbetlerin toqtatıw barısındag'ı – ilajlar haqqında** (2007 jıl 19 fevral, PQ – 585 – sanlı). Tasqınlar, sel ag'ımları, qar ko'shiw ha'm jer ko'shki ha'diyseleri menen baylanıslı jumıslardı o'z waqtında ha'm na'tiyjeli sho'lkemlestiriw, sonday – aq olardın' aqıbetlerin tezlik penen toqtatıw maqsetinde qabıl etilgen.

***O'zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin' qararları:***

**O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' jumısın sho'lkemlestiriw ma'seleleri haqqında** (1996 jıl 11 aprel, 143 – sanlı). Qararg'a «O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylar haqqında»g'ı Nızam qosımsha etilgen. Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' tiykarg'ı wazıypaları, huqıqları keltirilgen.

**O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylarda olardın' aldın alıw ha'm ha'reket etiw ma'mleketlik siteması haqqında** (1997 jıl 23 dekabr, 558 - sanlı). Qarar menen O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylarda olardın' aldın alıw ha'm ha'reket etiw ma'mleketlik sisteması (AJMS) haqqındag'ı Nızam ha'm onın' du'zilisi tastıyıqlang'an, ministrlik ha'm idaralardın' xalıq ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw boyınsha funktsiyaları keltirilgen.

**O'zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag'daylardan qorg'awg'a tayarlaw ta'rtibi haqqında** (1998 jıl 7 oktyabr 427 – sanlı). Qarar ma'mleket xalqın ha'm aymaqların ta'biyiy ha'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan

qorg'aw sistemasın rawajlandırıw maqsetinde qabıl etilgen. Qararg'a qosımsha keltirilgen «Xalıqtı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawında tayarlaw ta'rtibi haqqında»g'ı Nızam O'zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawında, sonday – aq ayrıqsha jag'daylarda ha'reket etiwge tayarlıqtan o'tip atırg'an xalıq toparların tayarlawdın' tiykarg'ı wazıypaların, tu'rleri ha'm usılların belgileydi.

**Ta'biyiy, texnogen ha'm ekologiyalıq qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardın' sıpatlaması haqqında** (1998 jıl 27 oktyabr, 455 – sanlı). Qarar menen tastıyıqlang'an sıpatlamag'a muwapıq ayrıqsha jag'daylar ju'zege keliw sebeplerine ko're texnogen, ta'biyiy ha'm ekologiyalıq qa'siyetli, usı jag'daylarda zıyan kergen adamlar sanına, materiallıq zıyanlar mug'darına ha'm ko'lemlerine qarap lokal, jergilikli, respublika ha'm transsshegaralı tu'rlerge bo'linedi.

**O'zbekstan Respublikasında adamlar ha'm haywanlardın' qutırıw keselligine qarsı gu'resti ku'sheytiw ilajları haqqında** (1996 jıl 18 yanvar, 32 – sanlı). Adamlar ha'm haywanlardın' qutırıw keselligine qarsı gu'res ilajlarının' na'tiyjeligin asırıw, sonday – aq xalıq jasaw orınlarında iyt, pıshıq ha'm basqa u'y haywanların ta'rtipke salıw maqsetinde qabıl etilgen.

**G'alaba xalıqlıq ilajlardı o'tkeriw qag'ıydaların tastıyıqlaw haqqında** (2003 jıl 13 yanvar, 15 – sanlı). O'zbekstan Respublikası aymag'ında g'alaba xalıqlıq ilajlar o'tkeriliwi waqtında ja'ma'a't qa'wipsizligin ta'miyinlew ha'm ta'rtibin qorg'aw maqsetinde qabıl etilgen.

**Ayrıqsha jag'daylardı boljaw ha'm aldın alıw Ma'mleket da'stu'rin tastıyıqlaw haqqında** (2007 jıl 3 aprel, 71 – sanlı). Ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw ha'm aqıbetlerin saplastırıw tarawında alıp barılıp atırg'an jumıslar o'nimliligin asırıw maqsetinde qabıl etilgen. Joqarıda ko'rsetilgen huqıqıy hu'jjetler tiykarında oqıw protsessinde talabalarg'a "O'mir qa'wipsizligi" pa'ninin' barlıq bag'darları boyınsha ken' ma'niste tu'sinikler berildi.

## Paydalanılg`an a`debiyatlar:

## Ҳүкимет Пәрманлары ҳәм қарарлары


1. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. – Тошкент: Ўзбекистон, 2014
2. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 7 февралдаги "Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича ҳаракатлар стратегиси тўғрисида» ги ПФ-4947-сонли Фармони. Ўзбекистон Республикаси қонун хужжатлари тўплами, 2017 й., 6-сон, 70-модда
3. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2015 йил 4 мартдаги "2015-2019 йилларда ишлаб чиқаришни таркибий ўзгартириш, модернизация қилиш ва диверсификация қилишни таъминлаш бўйича чора-тадбирлар Дастури тўғрисида" ги ПФ-4707-сонли Фармони.
4. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2010 йил 8 сентябрдаги "Қишлоқ жойларда уй-жойларни лойиҳалаштиришни такомиллаштириш ва қурилишни яҳшилаш борасидаги қўшимча чора-тадбирлар тўғрисида" ги ПҚ-1403-сонли Қарори
5. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2013 йил 19 апрелдаги "2013-2017 йилларда Суғориладиган ерларнинг мелиоратив ҳолатини янада яхшилаш ва сув ресурсларидан оқилона фойдаланиш тўғрисида» ги ПҚ-1958-сонли Қарори


Тийкарғы әдебиятлар:


1. Бекбулатова Г.А., Ембергенов Н.Ж. Экономикалық география. – Нөкис, Билим, 2012
2. Даулетова Қ. Үлкетаныў ҳәм география сабағы. Нөкис «Билим», 1993
3. Даулетова Қ., Умаров Е. Қарақалпақстанның тәбияты ҳәм хожалығы. Нөкис, «Билим», 1989 г.
4. Жаманкараев С. Улучшение эксплуатаций оросительных систем Республики Каракалпакстан. Нукус, «Каракалпакстан», 1993г.
5. Ибрагимов Ж. Подземные воды Низовьев Амударьи и их роль в народном хозяйстве. Нукус, 1964 г.

6. Қорақалпоғистон Республикаси ижтимоий-иқтисодий паспортлари, 2000, 2010, 2016.

7. Матмуратов Ж. Агроклиматические условия северо-западного Ўзбекистана. Нукус «Каракалпакстан», 1989 г.

8. Матмуратов Ж. Қарақалпақстанның тәбийий шараяты ҳәм тәбийий ресурслары. Нөкис «Билим», 1989-ж.

9. Медетуллаев Ж. Использование трудовых ресурсов в сельском хозяйстве. Нукус, 1980 г.

10. Рзаев К. Рыночные проблемы сельской экономики Каракалпакстана. Нукус, «Каракалпакстан» 1993 г.

11. Солиев А. Ҳудудий мажмуаларнинг назарий асослари.-Т., 2007. -90 б.

12. Солиев А., Ахмедов Э.,Маҳаммадалиев Р.ва б. Минтақавий иқтисодиёт. -Т.,2003. -303 б.

13. Солиев А., Ембергенов Н. Қорақалпоғистон Республикасининг иқтисодий-демографик ривожланиш хусусиятлари. ЎзГЖА, 31-жилд, 2008 й.

14. Солиев А., Қаршибаева Л. Иқтисодий географиянинг назарий ва амалий масалалари. - Т., 1999. -181 б.

15. Соскиев А. Воспроизводство и использование трудовых ресурсов сельского хозяйства. Москва, 1978 г.

16. Баллиева Р. Этнокультурные особенности природопользования народов Приаралья (в конце XIX-начале XX века): Монография. – М.: Компания Спутник+, 2003. – 86 с.

17. Бахиев А., Ещанов Т.Б., Аметов М.Б., Хожаниязов Д., Утамбетов Б. Дәўиримиздин экологиялық машқалалары. – Нокис: Билим, 2001. – 292 б.

18. Бектемиров К.К. Обеспечение развития региона в условиях экологической напряжённости (на примере Республики Каракалпакстан) Автореф. на соиск. уч. степ. доктора экономических наук. – Т., 2008. – 47 с.

19. Абдалова З.Т. Социально-экономические условия развития городских поселений Нижнеамударинского района. Автореф. дисс. на соиск. уч. степ. канд. геогр. наук. – Т., 1995. – 23 с.

20. Акрамов З.М., Рафиков А.А. Прошлое, настоящее и будущее Аральского моря. – Т., Мехнат, 1990.
21. Алаев Э.Б. Социально-экономическая география. Понятийно-терминологический словарь. – М.: Мысль, 1983. – 350 с.
22. Воронин В.В., Шарыгин М.Д. Экономическая, социальная и политическая география. – Самара: Самарской государственный экономический университет, 2006. – 392 с.
23. Демография и социально-экономические проблемы народонаселения. Вып.№5. – М., МАКС Пресс, 2003. – 98 с.
24. Джалалов С.Ч. Орошаемые земледелия в условиях дефицита водных ресурсов. – Т.: “Chinoz ENK”, 2000. – 130 с.
25. Егенгельдиев Э. Математические методы в экономической географии. – Ашхабад: 1984. – 73 с.
26. Ембергенов Н.Ж. Қорақалпоғистон Республикаси аҳолисининг ўсиши ва унинг ҳудудий хусусиятлари // Ўзбекистон география жамияти ахбороти. 31 жилд. – Т., 2008. – 113-115 б.
27. Желтиков В.П., Кузнецов Н.Г., Тяглов С.Г. Экономическая география. – Ростов на Дону.: Феникс, 2001. – 384 с.
28. Жолдасов А.С., Ходжаева Г.А., Умаров Е.К. Аральский экологический кризис и особенности демографического развития сельской местности Республики Каракалпакстан. – Нукус: КГУ, 2009. – 48 с.
29. Казбеков Б.К. Социально-экономическое развитие Нижнеамударинского экономического района в условиях перехода к рыночным отношениями. Автореф. дисс. на соиск. уч. степ. канд. геогр. наук. – Т., 2000. – 22 с.
30. Ковальская Н.Я. Методика экономико-географических исследований. – М.: МГУ, 1963. – 233 с.
31. Қорақалпоғистон Республикасининг ижтимоий-иқтисодий ривожланишининг асосий кўрсаткичлари. – Нукус, 2010. – 64 б.

32. Курбаниязов А.Б. Формирование и развитие трудового потенциала в Каракалпакии. – Нукус: Каракалпакстан, 1991. – 191 с.

33. Максаковский В.П. Общая экономическая и социальная география. – М.: ВЛАДОС, 2009. – 367 с.

34. Набиев Э., Қаюмов А. Ўзбекистоннинг иқтисодий салоҳияти. “Академия” “Университет”. – Ташкент, 2000. – 87 б.

35. Назаров М.И, Тожиева З. Ижтимоий география. Ўқув қулланма. – Т.: 2003. – 92 б.

36. Садуллаев А. Орол бўйидаги экологик ҳалокатнинг ижтимоий-демографик оқибатлари // Ўзбекистон аҳолиси ва меҳнат ресурслари. Илмий мақолалар тўплами. – Т., Университет, 1992. – 79-90 б.

37. Серикбоев М., Қурбониёзов Р., Умаров Е. Жанубий Оролбўйининг ер-сув ресурслари ва улардан оқилона фойдаланиш йўллари. – Урганч: 2002. – 66 б.

38. Солиев А.С., Қаршибоева Л. Иқтисодий географиянинг назарий ва амалий масалалари. – Т.: 1999. – 181 б.

39. Солиев А.С., Маҳамадалиев Р.Й. Иқтисодий география асослари. – Т.: Узбекистан, 1996. – 120 с.

40. Embergenov N.J. Trend of Population Growth in Karakalpakstan, Uzbekistan // The 38th Annual Conference on Population and Development (Status Quo & Challenges). – Cairo, 2008. – P. 585-606.

Интернет мағлыўматлары: